ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ІЗАЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№85 (23.243) • 2016 гъэм накъыгъэм (майм) и 6, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Іуащхьэмахуэ лъапэ

Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ

Нэгъабэ «Іуащхьэмахуэ» курортым инвестицэу халъхьащ сом зы мелардым щигъу. 2020 гъэм нэсыху абы аргуэру сом мелади 6-м нэблагъэ хуаутІыпщыну я мурадщ.

ДЫІЭРЫТ илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Іуащхьэмахуэ» курортым хуаутІыпщынущ сом мелуан 800-м нэблагъэ, къыхигъэщхьэхЫащ республикэм и премьер-министр Мусуков Алий.

«Республикэм и турист щІыналъэ нэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэр Іуащхьэмахуэ лъапэрщ, «Кавказ Ищхъэрэм и курорт хэр» АО-рщ. Иужьрейр щытщ «Іуащхьэмахуэ» курортыр зезыхьэ компаниеу.

Мусуков Алий къыхигъэщащ Іуащхьэмахуэ дэкІ кІапсэ гъуэгум и ещанэ чэзыр 2015 гъэм зэраухуар. А гъуэгур Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ хъуащ. Апхуэдэу гъуэгуитІ ирагъэфІэкІуащ километрищым нэблагъэ я кІыхьагъуэу.

Мусуковым и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, 2016 гъэм ищхьэкІэ зи гугъу щытщІа компанием щІыналъэр егъэфІэкІуэным теухуа проект зэхилъхьащ. Абы ипкъ иткІэ 2020 гъэр къэсыху бгыхэм лыжэкІэ къыщежэх гъуэгухэу псори зэхэту километр 30 зи кІыхьагъэр ирагъэфІэкІуэнущ. Ар лэжьэн папщІэ зыхуеину псомкІи къыззгъэпэщауэ щытынущ. ИрахьэлІэнур бюджетым щымыщ ахъшэщ, - къагуригъэІуащ премьер-министрым.

«Хъыбарыщ Іэхэр» РИА.

Федеральнэ бюджетым къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыІэрыхьэну субсидиер Анзорей дэт район сымаджэщыр егъэфІэкІуэным трагъэкІуэдэнущ

«Узынщагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм зегъэужьыныр» къэрал программэр гъэзэщІэным хиубыдэу Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий Іэ зыщІидза унафэ №746-м ипкъ иткІэ субсидиехэр зыхухах щІыналъэ 12-м ящыщ зыщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр.

А унафэм ипкъ иткІэ КъБР-м дэІэпыкъуныгъэу къыІэрыхьэну сом мелуан 200 хуэдизыр Анзорей къуажэм нэгъабэ къыщыхэІуахауэ щыта район сымаджэщым трагъэкІуэдэнущ. А ахъшэмкІэ иджырей Іэмэпсымэ нэхъыфІ дыдэхэр къащэхунущ икІи мы сымаджэщым зыщагъэжьынущ эндоскопие хирургием, литотрипсием. Апхуэдэу Іэмалыщ Іэхэр къызэрагъэпэщынущ зи тхы къупщхьэр, псантхуэхэр, лъакъуэхэр къыззэуахэр ГъащІэм хэгъэзэгъэжьынымкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Парт лэжьыгъэ

Пэублэ ІэІэтыр йокІуэкІ

Куба къуажэм Щэнхабзэмкі э и унэм щекІуэкІащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм щыщу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм кІуэну зыкъызыгъэлъэгъуахэмрэ районым щыпсэухэмрэ я зэІуплІэ.

ЩІыпІэ самоуправленэм и советым и унафэщым и кІуэдзэ Ахъэбэч Анзор къыззхуэсахэр щигъэгъуэзащ накъыгъэм и 22-м щыІэну Іэлэтым къигъэувэхэм.

Бахъсэн щІыналъэм и цІыхухэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректор Апажэ Асльэн, хъэрычэтыщІэхэу Дым Мухьэмэдрэ Морозов Викторрэ.

Дэтхэнэри кІэщІу тепсэлъыхьащ районым щыщІапхъэу къилъытэм, кърихьэлІахэм я упщІэхэм жэуап иратащ.

УпщІэхэр теухуауэ щытащ Іуэхугъуэ куэдым: Куба къуажэм школ щыухэуным, зыуэ ят къэрал экзаменхэм, Іулъхьэм, псымкІэ яІэ гукъеуэм, нэгъуэщІхэми.

Апажэ Асльэн къытеувыІащ щІэблэм щІэныгъэ етыным мыхьэнэшхуэ зэриІэм. Абы къелъытэ ерджанІэхэм щылажьэхэм ядэІэпыкъу фонд къызэгъэпэщын хуейуэ.

Бахъсэн щІыналъэм щыпсэухэр зэфэ псыр гъэкъэбзэныкІэ иджырей Іэмалхэр къэгъэсэбэныным тепсэлъыхьащ Дым Мухьэмэд.

Ахъэбэч Анзор фІыщІэ яхуищІащ зэІуплІэм хэта псомиз.

АБАЗЭ Лерэ.

● Коллегие

Къалэным хуэпэжахэр

КъБР-м щыІэ МВД-м и коллегием и зэІуплІэ екІуэкІащ.

АБЫ хэтащ министерствэм и Іэхэущ Іапі э псоми я унафэщІхэр, Урысейм и МВД-м и Краснодар университетым Іэщ Іагъэм щыхагъахъуэ и Кавказ Ищхъэрэ институтым (Налшык къ.) и унафэщІ Щхьэгъэпсо Заурбий, КъБР-м и Хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэмрэ къэрал кІуэцІыдзэхэмрэ я ветеранхэм я советым и унафэщІ Думай Борис. ЗэІуплІэр къыщІадзащ зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда я лэжьакІуэхэм къыхуагъэфэща дамыгъэхэр ятІыжьыныкІэ.

Урысей Федерацэм и Президентым и Указкі э «ЛІыгъэм и орден» къыхуагъэфащащ КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и батальон щхьэхуэм и инспектор нэхъыжь, полицэм и подполковник Мэшыкъуэ Асльэнрэ КъБР-м щыІэ МВД-м и ОМОН-м и инженер-техникэ къудамэм и унафэщІ полицэм и майор Никульшин Андрейрэ; «Хахуагъэм папщІэ» медалыр кърратащ КъБР-м щыІэ МВД-м и ППСМ-м и батальон щхьэхуэм и полицейхэу полицэм и прапорщик Верещагин Дмитрийрэ полицэм и сержант Къуэн Асльэнрэ.

Къэрал кІуэцІ ІэхэущхьэмкІэ министру КъБР-м щыІэ, полицэм и генерал-майор Ромашкин Игорь дамыгъэхэр яритыжащ хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

Республикэм къэрал кІуэцІ Іэхэущхьэмкі э и министрым и къуэдзэ, полицэм и полковник Тату Къазбэч къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ КъБР-м щыІэ МВД-м и Іэнатіэхэм 2016 гъэм и япэ мазищым я лэжьыгъэм кърикІуахэм, къапэщІыт къалэнхэм.

Коллегием и зэІуплІэм къыщаІэта дэтхэнэ зы Іуэхугъуэми теухуа унафэ къащтащ.

Къэрал кІуэцІ Іэхэущхьэмкі э министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Пашэхэр

Бахъсэнёнкэ япэ йощ

Ар нэІуэ щыхъуащ щІыпІэ унафэр зезыгъэкІуэ Іуэхущ Іапі эм и махуэр щагъэлъапІэ гуфІэгъуэ зэІуплІэм. Абы хэтащ щІыпІэ самоуправленэм и Іэнатіэхэмрэ республикэм и жылагъуэмрэ я лІыкІуэхэр.

ЗЭПЕУЭР къыззрагъэпэщащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэмрэ Муниципальнэ щІыналъэхэм я зэгуфхэныгъэмрэ.

«КъБР-м и жылагъуэхэм я муниципальнэ щІыналъэ нэхъыфІ» зэхьэзэхуэм зэрыщытекІуам папщІэ, Бахъсэнёнкэ къуажэм и унафэщІхэм, гуфІэгъуэ щытыкІэм иту, япэ нагъыщэм и диплом хуагъэфэщащ.

НэхъыфІхэр къыщыхахым, мыпхуэдэ унэтІыныгъэхэр кьалъытащ: «Экономикэм и зыужьыкІэр», «Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхугъуэмрэ», «Экологиер, щІыр къыззрагъэсэбэныпрэ зэІуэпэщІыныгъэмрэ», «Муниципальнэ щыкІуэмрэ Іуэху зехьэкІэмрэ», «Муниципальнэ мылъкумрэ псэукІэм и къызэрэпэщІыкІэмрэ», нэгъуэщІхэри.

- Властым и щІыпІэ Іэнатіэхэм я ІуэхущІафэр, жылагъуэхэм я псэукІэрефІэкІуэнымкІэ мыпхуэдэ зэпеуэхэр сэбэнщ, - жеІэ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Абрэдж Хъэутий. - Хабзэфі хъуауэ, «Унэ лъапсэ нэхъыфІ» зэхьэзэхэр 2011 гъэ лъандэрэ Бахъсэнёнкэ щыдогъэкІуэкІ. Абы екъуІэныгъэ нэрылъагъуэхэр къыдокІуэ. Зэпеуэм къыззригъэувым хуэдэу, къабзагъэмрэ зэІуэпэщІныгъэмрэ къыззгъэпэщыным жылэм дэсхэр жыджэру хэтщ. ЗэдгъэхъуІэхэр абыхэм куэдкІэ я фІыщІэщ.

Къуажэм и экономикэм и лъабжьэр мэкъумэш Іэнатіэхэмрэ ерысскъыпхъэм елэжь предприятэхэмрэ къыззрагъэпэщ. Апхуэдэщ «Дыщэ щхьэмыж», «Агроресурс» ООО-хэр, «Агросоюз» СПК-р, «Мэшыкъуэ» КФК-р, «Бахъсэн бройлер» ЗАО-р, нэгъуэщІхэри.

Бюджетым и хэхъуэр гъавэ щІапІэхэм хуэзэ бэджэнд уасэм къыпокІуэ.

Іэнатіэщ Іэхэр къызэІухыным, бизнес цІыкІумрэ курытымрэ дэІыгъыным щІыпІэ администрацэм гулъытэ хэха хуещІ, «АПК»-м зегъэужьын» лъэпкъ проектыр игъэзащІэу, мэкъумэшыщІэ-фермер хозяйствэхэм, къуажэдэсхэм хъарзынэу защІегъакъуэ.

ЩІэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным мыхьэнэшхэу ират. «Дэ наркотикым дрибийщ», «Уэрэдыр ди Іэпэгъуу», «Артист сыхъуну сыхуейщ», «КъэфакІуэ нэхъыфІ» Іуэхугъуэхэр щІэх-щІэхьыурэ ирагъэкІуэкІ.

Щэнхабзэмкі э унэм уэрэджы Іакі уэ, къэфакІуэ, драмэ, литературэ, Іуэрыі уатэ кружокхэр щолажьэ. Хьэрычэтыщ Іэ Тхьэгъэлыджкъуэ Мартин и мылъкукІэ 2009 гъэм къуажэм паркыщІэ щагъэтІысащ. Физкультурэмрэ спортымрэ дихьэххэм хуэфащэ щытыкІэ къыхуэзрагъэпэщ. Физкультурэ, узынщагъэр езыгъэфІакІуэ, спорт Іуэхугъуэхэр зэпымыууэ къыхалъхьэ.

Жылэм гектар 8710-рэ евбыд, щІыху 8387-рэ щопсэу.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, 2006, 2008 гъэхэм екІуэкІа «КъБР-м и жылагъуэхэм я муниципальнэ щІыналъэ нэхъыфІ», «Бахъсэн муниципальнэ районым и къуажэ нэхъыфІ-2011» зэпеуэхэм Бахъсэнёнкэр щытекІуауэ щытащ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ.

ЦІыхухэм хэхыныгъэмкІэ я хуитныгъэхэр хъумэным теухуауэ здэпсалъэ хъун телефон КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щагъэуващ

2016 гъэм фокІадэм и 18-м Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ я лІыкІуэ органхэм я депутатхэр зэрыхахым къыхэкІуэ КъБР-м и жылагъуэ палатэм щагъэуващ хэхыныгъэм пыщІа Іуэху псоми теухуауэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефон.

Телефоным и номерыр: **8(8662) 77-68-23.**

● Къэрал Іуэхущ Іапі эхэм

Сыт и лъэныкъуэкІи хуэхьэзырщ

Урысейм и МЧС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэмрэ абы и къудамэхэмрэ накъыгъэм и 7-м сыхьэт 18-м къыщыщІэдзауэ накъыгъэм и 10-м сыхьэти 9 пщІондэ хэхауэ зэрылажьэнум я къарумрэ техникэмрэ хуагъэхьэзыращ.

МАФІЭСХЭР гъэункІыфІыным, къызэрымыкІуэ щытыкІэ гъэхуэдэ къэхъу хьужыкъуэмэ абы и лъэужьхэр гъэкІуэдыжьым цІыху 1485-рэ, техникэу 425-рэ хуэзащІагъэуІауэ. Абыхэм ящыщу цІыху 289-р, мафІэсгъэункІыфІ техникэ нэхъыщхьэрэ гъэкІуэдыжьым цІыху 1485-рэ, Урысейм и МЧС-м и ирихьэлІэу США-м Іэпхъуащ а къэралхэм щыщ цІыху 1285-рэ. Америкэм и штатхэм ящыщу 22-м я щІыналъэм ирагъэхъэ. ядэркьым щтапІэ ихьэжахэр, абыхэм щІыпІэм щыІэ щытыкІэр зэІагъэхьэнкІэ мэшынэри. Ахэри бгъэкуаншэ хъунукъым, Іэпхъуэшапхъуэхэм Европэм и къэралхэм щыззхащІыхьахэр уи нэгу щІэкІамэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэмрэ абы и къудамэхэмрэ накъыгъэм и 7-м сыхьэт 18-м къыщыщІэдзауэ накъыгъэм и 10-м сыхьэти 9 пщІондэ хэхауэ зэрылажьэнум я къарумрэ техникэмрэ хуагъэхьэзыращ.

МАФІЭСХЭР гъэункІыфІыным, къызэрымыкІуэ щытыкІэ фихуэмэ, мафІэсгъэункІыфІхэм е къеГъэлакІуэхэм я дэІэпыкъуныгъэ фыхуей хъумэ, щІыпІэ жыжьэхэр зэщІэзыгъэхъэ (сотовэ) телефонымкІэ псынщІэу ялъэІэс Іэнатіэхэм я «112», «101» номерхэм, апхуэдэу къызэрыгъэкІ телефонымкІэ «01»-м фыпсалъэ.

Урысейм и МЧС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэм зыуэ щыт, дэжь зыкъуащІ и телефоныр: **8(8662) 39-99-99.**

АРУАН Алий.

● Хъыбарегъащ Іэ

«Полк уахътыншэм» фыхыхьэнумэ

КъБР-м Къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэуІуу щызэфІах и центрым зыхуегъэхьэзыр накъыгъэм и 9-м екІуэкІыну «Полк уахътыншэ» урысейпсо Іуэхум.

ХЭКУ зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэ Иным теухуа Іуэхум хыхьэну хуитщ зауэм хэкІуэда и благъэм, Іыхьлым, ныбжьэгъум и фэеплъыр зыхуэмэ дэтхэнэри.

МФЦ-м и лэжьакІуэхэр сэбэп хъунущ Хэку зауэшхуэм хэта лІыхъужьым теухуа хъыбарыр «Полк уахътыншэ» проектым и сайтым (www.moypolk.ru) иралъхьэныкІэ. Іуэхум хэтынухэм сайтым зыщыгагъэтхкІэ, зи фэеплъ яхьумэ лІыхъужьым и сурэт, зауэм къритхыкІуэ щыта письмо, нэгъуэщІ дэфтэрхэр ягъэлъэгъуэн хуейщ. «Полк уахътыншэм» хэтынухэм яІыгъыну сурэтхэр МФЦ-м пщІэнэшэу щыхурагъэщІыжынущ.

КІЭНЦІЭЛИЙ Элинэ.

Мамбэт Хъаджэт математикэмкІэ егъэджакІуэ нэхъыфІщ

● Зэпеуэ

Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм иджыблагъэ щекІуэкІащ математикэмкІэ егъэджакІуэ нэхъыфІыр къыхэхыным теухуа зэпеуэ. Урысейм математикэр зэрыщрагъэджыр егъэфІэкІуэнымкІэ концепцэр гъэзэщІэным хиубыдэу ар къызэригъэпэщат районым егъэджэныгъэмкІэ и управленэм.

ІЫХЬИТІУ гуэшауэ ирагъэкІуэкІа зэпеуэм Шэджэм районым и курыт школхэм я егъэджакІуэу 15 хэтащ. Предметым зэрыхищІыкІым, ар нэхъ тэмэму сабийхэм егъэджыныкІэ къигъэсэбэп Іэмалхэм ятещІыхьауэ япэ увыпІэр хуагъэфэщащ. Шэджэм къалэм дэт курыт школ №1-м и егъэджакІуэ Мамбэт Хъаджэт.

КІАРЭ Элинэ.

Къэрал унафэщІым жиІар даІыгъакъым

США-м и президент Обамэ Барак иджыблагъэ жиІащ Сириемрэ Иракымрэ я щІыхуэху зауэм кърихужьахэм ящыщу минипщІым Америкэм щхьэегъэзэныпІэ щратыну.

Абы къызэрыхигъэщамкІэ, ар мащІэ дыдэщ, Европэмрэ зауэ щекІуэкІ Сириеи и гъунэгъу къэралхэмрэ Іэпхъуэхэм еплъытмэ. Ауэ а мащІэ дыдэр зэрыхагъэІтІысхьэными игъэгубжьащ америкэнхэр. А жэрдэмыр, псалъэм папщІэ, даІыгъакъым республиканскэ партым хэтхэм.

Мы мазэм и пэщІэдзэм щыщІапхъэу къилъытэм, кърихьэлІахэм я упщІэхэм жэуап иратащ.

УпщІэхэр теухуауэ щытащ Іуэхугъуэ куэдым: Куба къуажэм школ щыухэуным, зыуэ ят къэрал экзаменхэм, Іулъхьэм, псымкІэ яІэ гукъеуэм, нэгъуэщІхэми.

Апажэ Асльэн къытеувыІащ щІэблэм щІэныгъэ етыным мыхьэнэшхуэ зэриІэм. Абы къелъытэ ерджанІэхэм ядэІэпыкъу фонд къызэгъэпэщын хуейуэ.

Бахъсэн щІыналъэм щыпсэухэр зэфэ псыр гъэкъэбзэныкІэ иджыблэ Іэмалхэр къэгъэсэбэныным тепсэлъыхьащ Дым Мухьэмэд.

Ахъэбэч Анзор фІыщІэ яхуищІащ зэІуплІэм хэта псомиз.

АБАЗЭ Лерэ.

Мэжэщ Іалі эхэр дыгъэуэну хуит щащІыну?

Италием и тыкуэныш-хуэхэм ерыскъы тІэкІу къыщыбдыгъуныр хабзэм къыщрагъэзэгъыну къыщІэкІынущ а къэралым. Италием и хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм зэрыжаІамкІэ, ар зыхуадэнущ щхьэн щхьэкІэ замыгъэлІэн папщІэ дыгъуэхэрщ.

Апхуэдэу къыщІалъытэ-ми щхьэусыгъуэ иІэщ: къэралым и цІыхухэм я Іуэху къимыкІамэ здэтхьэусыхэж суд нэхъыщхьэр Украинэм щыщ унэнщэ Остряков Роман и тельхьэ хъуащ иджыблагъэ, иужьрейм тыкуэным къъуейрэ нэкулъэ къызэрыщыдыгъуам къыхэкІыу ар зэрагъэкъуаншэ Іуэхум щыхэпльэм. Тыкуэнышхуэм абы къыщидыгъуам еврэу плІы къудей хуэзэу арат. Абы щхьэкІэ Роман илъэс ныкъуэкІэ тутнакъэщым исыну, къуэдыуи еври 100 итыну къытралъхьэнкІэ хъунут. Ауэ хеящІэхэм Іуэхум къыхалъытащ Остряковым щыпсэуни зэрыпсэуни зэримыІэр, дыгъуэным езыхулІари зэрымэжэщІалІэр зэрырар.

Жылагъуэри арэзы телъхьащ судым и унафэм, цІыхур псэун щхьэкІэ иІэ хуитныгъэр сыт хуэдиз мылъку нэхъри зэрыпэхъ ІьапІэр кьалъытэри.



♦Москва и гербымрэ и ныпымрэ я махуэщ. «Москва кьалэм и махуэщхуэхэр» законым ипкъ иткІэ ягъэуващ 2004 гъэм.

♦1715 гъэм Урысейм къыщащтащ къэралым и япэ дзэ-уголовнэ кодексыр.

♦1889 гъэм Париж хуэун щауахащ Эйфель чэщанэр.

♦1906 гъэм Николай ЕтІуанэ пащтыхьым Іэ тридзащ Урысей империем и Къэрал хабзэ нэхъыщхьэхэм.

♦1939 гъэм Налшык щыгъэжаІэ къыщыізІуахащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Бреслау быдапІэр (иджы - Польшэм хыхьэ Вроцлав кьалэрщ) нэмыцІ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм кьыІэщІагъэкІыжащ.

♦1985 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къыщІатащ Мурманскрэ Смоленскрэ «Къалэ-лІыхъужь» цІэр яфІэщыным теухуауэ.

♦1994 гъэм Ла-Манш псы дэжьапІэм щащІа тоннелыр къызэІуахащ. ЕтІощІанэ лІэщІыгъуэм и ухэнэныгъэ нэхъ телъыджэ дыдэхэм ящыщу кьалъытэ а гъуэгум Франджымрэ Инджылызымрэ зэпищІащ.

♦1998 гъэм Къэзахъстаным и къалащхьэ Акмола и цІэр Астана жиІэу зэрахъуэжащ.

♦Адыгэ тхыдэдж, узэщІакІуэ **Долэт-Джэрий СулъТІан** къызэралъхьэ илъэси 141-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ кхъухьлъатэзехуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Гастелло Николай** къызэралъхьэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Актёр, егъэджакІуэ цІэрыІуэ, Хэку зауэшхуэм хэта, СССР-м и цІыхубэ артист **Этуш Владимир** и ныбжьыр илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Актёр цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист, Польшэм щэнхабзэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ **Беляевский Александр** къызэралъхьэрэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Адыгей философ, еджагъэшхуэ, тхакІуэ, социологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Хьэгъур Айтэч** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Абазэ тхакІуэ, КъШР-м и цІыхубэ усакІуэ **Мхъышэ Чэрим** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, КъБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Шурдым Іэсиет** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пщэр техъэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 19, жэщым градус 13 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Адыгэм я нэхъ тхьэмыщкІэри бысымщ.

Къэрал мылъкур щэнымкIэ къалэнхэр зэрагъэзащIэм хоплъэ

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм хиубыдэу Правительствэм хухаха зэманыр къигъэсэбэпри, КъБР-м щIымрэ мылъкумрэ я IэхэухэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Ерыстау Ланэ депутатхэр щыгъуазэ ищIащ республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щыныкIэ 2015 гъэм екIуэкIа лэжьыгъэр зыхуэдэм.

Афэщlагъуэ Михаил

ДОКЛАДым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, 2015 гъэм КъБР-м и къэрал мылъкур щэнымкIэ зыхуэпльэхэм ятеухуа планым ипкъ иткIэ нэгъабэ акционер зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я акцэ гупхэу 8, ухуэныгъэ, Iэхэущ1аплIэ зэмылIэужьыгъуэу 27-рэ ящэну, а псом зы мелардрэ мелуани 167,8-рэ къыщIахыну я мурадащ. Апхуэдэу Iэхэущ1аплIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я устав мылъкум хэлъ акцэу, нэгъуэщI Iыхьэу сом мелуан 817,8-мрэ, нэгъуэщI мылъку зэмылIэужьыгъуэу сом мелуан 350-рэ къалэрыхьэн хуеящ.

А псоми ящыщу нэгъабэ «Налшык гъавэ Iыхьпl» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и акцэ гупыр (процент 25,5-рэ хъур), ухуэныгъэ, Iэхэущ1аплIэ 16, щы Iыхьэу щы, автотранспорту 13 яхуэщауэ аращ. А щIыкIэм тету, республикэм и къэрал мылъкур уней щIыным къыщIахар сом мелуан 51,9-рэщ е зыщыгугъам и процентри 4,4-рщ. Хозяйствэ зэгухьэныгъэхэм я устав ахъшэм КъБР-м и мылъкум хиубыдэ акцэу хэлъхэр уней зэращIам къыпэкIуари сом мелуани 2,8-рэ хъуэу аращ.

Къэрал мылъкур зэращам къыпэкIуаеу къалэрыхьар сом мелуани 6,3-рэщ. Къэрал мылъкум и кIэнэмыщI лIэужьыгъуэхэр щэным къыпэкIуари сом мелуан 49-м тIэкIукIэ щIигъуу аращ.

Заявкхэхэр зыми къызэрамытам къыхэкIыу сом мелуан 39-м нэблагъэ зи уасэ аращ гупу 4-р, кьинэмыщI мылъкум хиубыдэ ухуэныгъэу сом мелуани 140-м нэблагъэ зи уасэр щащэну я мурада аукционхэр екIуэкIакъым.

КъБР-м и Парламентым Экономикэмкlэ, инвестицэхэмрэ зэрычэт Iэхэумкlэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур** щIэупщIащ приватизацэ ящIын хуей мылъкум щIэупщIэшхуэ щимыIэм деж ар нэхъ тынщу пхыкIын папщIэ зэфIагъэкIэм. Министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэм зэрыжиIамкIэ, мылъкур нэхъ тэмэму яхуэщэн папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм щыгъуу зэхалъхьэ икIи абы теухуа информацэ гурыIуэгъуэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэхэущ1аплIэхэм къытрадзэ. Федеральнэ Iэнатlэм щыщIэ лэжьыгъэм щапхъэ трахыу, аукцион лэжьыгъэр езыгъэкIуэкI унэ щхьэхуэхэр къызэрагъэпэщыну я мурадщ. Апхуэдэ унэхэр уасэ пыухыкIакIэ елэжьынущ къэрал мылъкур аукционхэм щыщынэм. Мылъкум щыщу щIэупщIэшхуэ зиащIэ пхагъэкIын папщIэ абыхэм я пэублэ уасэр и зэхуэдитIкIэ щагъэмащIэ щыIэщ.

КъБР-м и Парламентым Законым тетныныкрэ хабзэр хъунэныкIэ и комитетым и унафэщI **Мовсисян Грант** къиIэтащ къэрал мылъкум щыщу аукционхэм щащэнухэм я рынок уасэр захуагъэ хэлъу убзыхуныкIэ зэфIагъэкIэр зыхуэдэр.

Докладым теухуауэ кIэухыу къыщIпсалъэм КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ** къыхигъэщхьэхуакIаш къэрал мылъкур зэращэм къыпэкIуэ ахъшэр республикэм и бюджетым и дежкIэ щIэгъэхуэныгъуэу зэрыщытыр икIи абы нэхъ егупсысауэ зэрыбгъэдыхьэпхъэр. «Акцэхэр, Iэхэущ1аплIэхэр, ухуэныгъэхэр, кьинэмыщI мылъкур приватизацэ ящIынухэм хатхэн и пэкIэ нэхъ куууэ егупсысыпхъэщ ар щэным е республикэ мылъкум хэту къэзэнэжыным щыщу дэтхэнэм нэхъ фейдэ пылъым», - къигъэлъэгъуащ Егоровэ Татьянэ.

ЗэIущIэм къыщащта унафэм ипкъ иткIэ КъБР-м и Правительствэм чэнджащ ираташ республикэ бюджетым и хэхъуэхэр зэхъыбэ хъун папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ зэращIым нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыну, апхуэдэу 2016 гъэм къэрал мылъкур приватизацэ щыныкIэ зыхуэпльэхэм я планыр нэгъэсауэ гъэззэщIа зэрыхъунум егугъуну.

* * *

«2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iэхэукlэ» КъБР-м и законым и проектым теухуауэ» КъБР-м и Парламентым къыщта унафэр, а Iэхэу дыдэм теухуауэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэхуэхэм щызэхалъхьа чэнджэщэр гъэззэщIа зэрыхъур депутатхэм я пащхьэ зэIущIэм къыщыхилъхьащ КъБР-м и Парламентым Бюджетымкlэ, налогхэмрэ финансхэмкlэ и комитетым и унафэщI **Афэщlагъуэ Михаил**. Абы зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ираташ щыта чэнджащу 6-м ящыщу 4-р нобэм ирихьэлIэу нэсу ягъэзэщIащ, ныкъуэдыкъуэхэм я псэукIэр нэхъ тынш щIыныкIэ программэр 2016 гъэм гъэззэщIэным хуаутIыпщ мылъкум хэплъхьэным теухуа нэгъуэщI зы чэнджэщыр иджыпсту зэпкърах.

«2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм КъБР-м и республикэ бюджетым теухуауэ» ирагъэкIуэкIа зэIущIэшхуэм КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м Къэзэрыщытэкъыбж и палатэм, УФ-м Налогхэмкlэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щIым яхуэгъэзащэу чэнджэщу 10 щабзыхуауэ щытащ. Абыхэм ящыщу зэкIэ тIур яхуэгъэзэщIакъым. Аращ 2016 гъэм хьэрычэт Iэнатlэ мыинхэмрэ курытхэмрэ КъБР-м и республикэ бюджетым и ахъшэкIэ ядэIэпыкъуныр, апхуэдэу республикэм и щIыналъэм щыIэ предприятэхэр банкрот зэращым хуэгъэзауэ арбитраж лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр къэпщытэнырщ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ къыхигъэщхьэхуакIаш Бюджетымкlэ, налогхэмрэ финансхэмкlэ комитетым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм, апхуэдэу КъБР-м и Парламентым зыхуэфащэ Iэнатlэхэм яхуэгъэзауэ кIыщтэ унафэхэр гъэззэщIа зэрыхъум зэрыкIэлъыплъым арэзы къызэрищIыр.

Президиумым хэтхэр апхуэдэу хэплъащ «Хэхакlуэ комиссэхэм, референдумхэм ятеухуа республикэ законхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iэхэукlэ», «Щlыуэпсым и щытыкIэм, апхуэдэу техникэ къызэрагъэсэбэпым пыщIауэ къэхъу къызэрымыкIуэ Iэхэухэм цIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ ящыхъумэным теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iэхэукlэ» законопроектхэм, апхуэдэу федеральнэ закон щхьэхуэхэм я проектхэр къаззэрыщыхъуам теухуауэ Урысей Федерацэм и нэгъуэщI субъектхэм я парламентархэм къагъахьа тхыгъэхэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iэхэущ1аплIэ.

Дадэ МуIэед и псалъэ.

ЛIыхъужьу икIи псэемыблэжу

● Пэкlу

Чернобыль АЭС-м гуэзвэгъуэ къызэрыщыхъурэ илъэс 30 дэкIащ. ЦIыху мелуанхэр зыхиубыда мы къэхъуакъащIэ иным хуэдэ дуней псом щалъэгъуэтэкъым. Абы и лъэужьхэр ягъэзэкIуэжыным хэтат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэрэр. Илъэс 25 - 40 ныбжьхэм иту цIыху 1800-м нэблагъэм къыкIуэт ямыщIэу зыпэрыуба лэжьыгъэ щыналъэгъуэр псэемыблэжу ягъэзэщIащ. Абы хэкIуэдахэм ятеухуауэ щытащ иджыблагъэ Налшык щрагъэкIуэкIа пэкIур.

РЕСПУБЛИКЭ унафэщIхэр, Чернобыль АЭС-р къыщыуам абы къулыкъу щызыщIахэр, районхэм къикIахэр, налшыкдэсхэр щызэхуэсат гуэзвэгъэшхуэм хэтахэм я фэеплъ щагъэуэвыну щIыпIэм деж.

- Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа насыпыншагъэм километр зэбгъузэнатIэ мини 140 - 150-м зыщиубгъуат. Гуэзвэгъуэр псом хуэмыдэу зыхащIащ Урысейм, Украинэм, Беларусым щыпсэухэм. Ди къэралым и закъуэ километр зэбгъузэнатIэ мин 60-м къриубыдэ, мэкъумэш Iэнатlэм и щIы гектар мелуани 2-м щIигъум ар лъэIэсат. Гуэзвэгъуэм и лъэужьыр гъэкIуэдыжыным цIыху мин 600-м нэблагъэ хэтащ. Абы щIыгъуэм цIыкубэр зэкъуэмыувамэ, дызыхуэкIуэнкIэ хъуну щытар къэщIэтыуейщ. Радиацэм пыща гуэзвэгъуэр гъэкIуэдыжыныр Iэзху нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ. ИкъукIэ гуапэщ икIи мыхьэнэ яIэщ мыпхуэдэ зэхьыхьэхэм. Дауи, дыхуейт ди зэкъуэтныгъэр Iуэхугъуэ нэхъ гуапэхэм ятеухуауэ щытыну, ауэ Чернобыль АЭС-м къыщыхъуам хуэдэми ди зэпыщIэныгъэр нэхъ быдэж ищIын хуейуэ аращ, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Дадэ МуIэед.

Урысейм и МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщI, полковник Надёжин Михаил Чернобыль АЭС-м щылэжьа, абы лIыхъужьныгъэ щызэзыхьа цIыхуитхэм медалхэр яритащ.

«Илъэс 30 и пэкIэ къэхъуа гуэзвэгъуэм зыри, дауи, пэплъатэкъым. Чернобыль АЭС-р къыщыуам абы и радиацэр 300-кIэ нэхъыбэт Хиросимэ бомбэ щыхадзам къэхъуам нэхърэ. Гуэзвэгъуэ нэхъ инхэр къишэнкIэ зыхуэIуа щыIэтэкъым, и зэманым цIыхубэм абы и лъэужьыр ямыгъэкIуэдамэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къэхъукъащIэм ебэнын щыщIадза япэ мазэхэми илъэсхэми цIыху куэд хэкIуэдащ. Абыхэм я фэеплъыр тхъумэныр ди къалэнщ, псэууэ къэнахэми дахуэсакъыпхъэщ», - къыхигъащащ КъБР-м и комиссар Соблыр Мухьсин.

Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа гуэзвэгъуэр гъэззкIуэжыным хэлэжьыхьахэм я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Хъэдзыгуэ Алик КъБР-м и Правительствэм хэтхэм фIыщIэ яхуищIащ сыт щыгъуи гупытэ къызэрыуащIым папщIэ. Апхуэдэуи ар щIалэгъуалэм ехьэхъуащ илъэс 30 и пэкIэ къэхъуа гуэзвэгъуэм хуэдэ ямыIъагъуну икIи ахэр къыхуриджащ я щIэныгъэм зэпымыууэ хагъахъэуну.

Къыдэхуэсахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ фэеплъыр щагъэувыным деж щагъэтIылъа мывэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Налшык къалэ

Шынагъуэншагъэр къызэрагъэлэщ

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм, «Газпром - газыр зыгуэш Налшык и Iуэхущ1аплIэ» ОАО-м, «Очар» унафащI компанием Щаденкэ и цIэр зезыхьэ уэрамым тет 28-нэ «А» фэтэр куэд хъу унэм и уэнжакъэмрэ жьы кIуапIэхэмрэ я щытыкIэр зэщIыгъуу къап-щытащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и щыхьэрым дежкIэ мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэхугъуэхэм иджыблагъэ щытепсэльыхьа зэIущIэхэм ящыщ зым абы теухуа унафэ къыщащтауэ щытащ. Уэнжакъэмрэ жьы кIуапIэхэмрэ щхьэзыфIэфIу я щытыкIэр зэрахъуэжьым и зэранкIэ, газ щхьэуэм (угарный газ) нэщхьеягъуэ къеушэ. Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ насыпыншагъэхэм цIыху 47-рэ щыхэкIуадэ пэтащ, 11-р ахъуегъэлакъым. Щаденкэ и цIэр зезыхьэ уэрамым тет 28-нэ «А» унэми нэщхьеягъуэ къыщыхъуащ.

Унэр къыщапщытэм, ныкъусаныгъэ куэд къахутащ. Къапщтэмэ, газ Iэмэпсымэхэр щхьэзыфIэфIу ягъэIэпхъуат, жьы ишыпIэ яIэтэкъым, ар уэнжакъэм хагъэуват, газ гъэбыдапIэхэр лажьэртэкъым. Абыхэм я зэранкIэ жьы кIуапIэхэм икIыркъым къагъэсэбэпа газыр. ПлIанэпэ тIэкIу къыдагъэхуэн мурадкIэ, газ Iэмэпсымэр нэгъуэщI щIыпIэхэм яхь, абы и зэранкIэ газыр къыдокI.

Ныкъусаныгъэхэр къыщагъуэта фэтэрхэр зейхэм махуипщI пIалъэм къриубыдэу щыщIэныгъэхэр ягъэзэкIуэжыну хуагъуэващ. Ар ямыгъэзащIэмэ, Iэмэпсымэ псори пщалъэм кърагъэтIэсэжьыху, газыр паубыдынущ. Профилактикэ Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкIын зэрыхуейм теухуауэ унэм щыпсэуэм епсэльащ, газ Iэмэпсымэхэр зезыхьэнухэмрэ щынагъэншагъэр къызэзыгъэпэщынухэмрэ зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ.

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iэхэущ1аплIэ.

Щlэджэм щIынальэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым дэлажьэ Щlалэгъуалэ советым хыхьэну хуейхэр къыщыхах зэпеуэм хэтхэм муниципальнэ районым и администрацэм щепсэльащ.

ЖЭРДЭМ зиIэ щIалэгъуалэм яхуэзащ Шэджэм муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ ТекIушэ Артур, щIыпIэ самоуправленэм и советым и тхьэмадэ Уэдыжь Хьэсанш, абы и къуэдзэ Хьэгъэжей Руслан, егъэджэныгъэмкIэ управленэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ абы и къудамэмрэ я унафэщIхэу Iэрыпщэ Жаннэ, Динаевэ Лиоэзэ сымэ.

Зэпеуэм хэтащ еджакIуэхэри, студентхэри, IэщlагъэлI ныбжьыщIэхэри. Дэтхэнэми и дежкIэ ар зэхэгъэкIыныгъэт, Щlалэгъуалэ советым щылэжьэн папщIэ, хуэфащэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ абы и къудамэмрэ я унафэщIхэу Iэрыпщэ Жаннэ, Динаевэ Лиоэзэ сымэ.

Советым хьыхьэну хуейхэм ирата упщIэхэр хуабжу зэмылIэужьыгъуэт. Апхуэдэ дэт дзэзыкъэ Iуэхухэм, Iэщlагъэхэм, щIалэгъуалэ организацэм къыщыхахьхьэну я мурадхэм ятеухуахэр. Зэпеуэм хэтахэм тегушхуауэ, Щlалэгъуалэ советым хьыхьэну, абы щылэжьэну зэрыхьэзырыр къагъэлъагъуэу упщIэхэм жэуап ираташ.

КъызэгъэпэщакIуэ комитетым щыщхэр зэIущIэм кьрикIуамрэ къыхахахэмрэ арэзы техьуащ.

ЩIыпIэ самоуправленэм и советым дэлажьэну Щlалэгъуалэ советым и япэ зэхуэсыгъуэм ныбжьыщIэ жыджэру 15 хагъэхьащ. Абыхэм я къалэнщ социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм хэтыну, щIыналъэм и сэбэп зыхэлъ жэрдэмхэр къыхалъхьэну, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм зрагъэужьыну, Шэджэм районым щыщ ныбжьыщIэхэм я хуитыныгъэхэмрэ я социальнэ шэсыпIэхэмрэ яхъумэну.

КIАРЭ Элинэ,
Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iэхэущ1аплIэм и лэжьакIуэ.

● Щlэныгъэ

Уэ езым къэгупсыс

РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым информатикэмрэ щIыналъэ управленэмкIэ и институтым «Зэрыджэгу къэпшыпымрэ абы и тхыдэмрэ уэ езым къэгупсыс» фIэщыгъэм щIэту сабий гъуэзджэ творчествэмкIэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэм щытекIуахэм я цIэ къыщIраIуащ. Нобэрей гъащIэм увыпIэшхуэ щызыубыда робототехникэ щIэныгъэм зегъэужьыным теухуауэ ящIа мы Iэхэм бжьыпэр щиубыдащ сурэт щIыным щыхурагъаджэу Налшык дэт сабий школым и гъэсэн Къардэн Имран. Саугъэтхэмкlэ фондым къыхэкIыу абы сом мини 10 ираташ.

Институтым и унафэщI къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Нэгъуэй Залымхъан зэрыжиIамкIэ, зэхъэзэхуэр къыщIызэрагъэпэщар сабий зэчиифIэхэм къагупсыс робот хэлъпшыпхэм уриджэгу къудей мыхъуу, акъылым зригъэужьыным тещIыхьауэ ящIын папщIэщ.

Зэпеуэм и етIуанэ увыпIэр Тхьэгъэзит Аидэрэ Гулидовэ Алларэ, ещанэр - Пщынокъуэ Иланэ, Мирошниченкэ Алинэ, Батмен Эммэ сымэ хуагъэфэщащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Къагъэтlасхъэ хъунукъым

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур мэлыжьыхьым и 21-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщапщытэжащ лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщIэтыныкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыным хуэунэтIауэ мы гъэм и япэ мазищым зэфIагъэкIар.

КъЫЗЭРАГЪЭЛЪэГъУАМКIЭ, екъулIэныгъэ нэрыльагъуэхэр яIэми, терроризм, экстремизм хьэгъэщагъэхэр къэмыгъэхъуным теухуа къалэнхэр къагъэтIасхъэ хъунущ.

Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщIэтныныкIэ законодательствэр гъэззэщIэныр къызэрагъэпэщ: властым и къудамэхэм, къулыкъущIапIэхэм я пщэрлъэхэр гурагъаIуэ, хабзэхъумэхэм бзаджащIэхэр къызэрыщIагъэщыр ягъэлъэщ, лейзехьэхэм зэрапэщIэтыпхъэм теухуа хъыбарегъащIэ Iэмалхэр къагъэсэбэп.

Илъэсым и япэ мазищым щIэпхъаджагъэ 43-рэ къахутащ. 35-м терроризм нэщэнэ, 8-м экстремизм хуэмэбжьымэ яIэщ. Хуимыту Iэщэ къэзыщта гупхэм хэтахэм ящащу 8, абыхэм я Iупэфlэгъуу 10 ягъэтIысащ. Терроризмэм мылъкукIэ зэрадэIэпыкъуам теухуа щIэпхъаджагъэу 2 къыщIагъэщащ. ЗэщIэуэзда гупхэм хэтхэм ящыщу 4 яукIащ, Iэщщу, шэуэ, къагъауэ пкъыгъуэу, Iэмэпсымэу куэд къыкъуахащ. Терроризмэм япыща цIыху 13-м екъэлIауэ уголовнэ Iуэху 13 судым ирагъэхьати, абыхэмкIэ 9-р ягъэтIысащ. Уголовнэ жэуапым ирашэлIами яукIами терроризм хьэгъэщагъэзекъэу 26-м я мурадыр къызэпаудащ. Терроризм щIэпхъаджагъэ ирагъэлэжьакъым, хабзэхъумэхэм щатеуэ къагъэхъуакъым. Ар профилактикэ лэжьыгъэр зэрефIакIуэм и фIыгъэщ.

Зи гугъу тщIы зэманым кьриубыдэу къэпщытэныгъэ 532-рэ ирагъэкIуэкIати, лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщIэтныныкIэ хабзэр 1523-рэ къызэпаудауэ къахутащ. Ахэр ирагъэгъэзэкIуэжын папщIэ, къуаншэхэм тхылъ 400-м щIигъу хуатхащ.

Зэ Iущ1эм щагъэбелджылащ хабзэхъумэ Iэнатlэхэмрэ властым и къудамэхэмрэ я лэжьыгъэр езыгъэфIэкIуэну къальытэ Iуэхугъуэхэр. ЩIыщIэныгъэхэмрэныкъусаныгъэхэмрэ нэрыльагъуэ ягъэмэщIэн мурадкIэ, Iуэхущ1аплIэхэм я зэдэлэжьакIэр ягъэтIыжыну зэгурыIуэныгъэхэр щагъэзащIэну плIанэхэр щагъэбелджылащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iэхэущ1аплIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм и 3, 4-нэ курсхэм щlэс студентхэр «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм мы махуэхэм практикэ къокlуэ. Абыхэм зыщагъэгъуэзащ газетым и гъэхъэзырыкlэм, тхыгъэ зырыз къатхын, корректор лэжьыгъэ ящlэн хуейти, абыхэми хъарзынэу пэлъэщащ. Мы напэкlуэцlым щыззэхуэтхъэсащ студентхэм я Iэдакъэ къыщlэкlа тхыгъэ зыбжанэ.

Зы цIыхуми куэд хузэфIокI

Щэрэдж районым хыхьэ Аушыджэр (Дыгъужьыкъуей) къуажэм щыщ Къардэн Альберт щlэблэр гъэсэным егугъу, а Iуэхумкlэ щапхъэ хъу егъэджакlуэхэм ящыщщ.

КъАРДЭНЫМ КъБКъУ-м спортымкlэ и факультетыр 1992 гъэм къиухащ. Езым зэрыкlэмкlэ, ар нэхъыбэу зыщlэхъуэпсар хабзэхъумэ Iуэхущlапlэ гъэрым щылэжьэнырт, арщхьакlэ и адэ-анэр игъэщlэхъуфакъым - зы илъэскlэ нэхъ мыхъуми егъэджакlуэу лэжьэну ахэр кьелъэIуати, Альберт щlалэгъуалэм яхэтурэ и Iэщlагъэм дихьэхыжащ, и Iэнатlэр игъэужьным афlэкlаи егупсысыжакъым (илъэс 20-м щlигъуауэ а лэжьыгъэм пэрытщ).

А зэманым хъриубыдэу абы спортым куэд дригъэхьэхащ, ар Iэщlагъэу къыхэзыхахэри Аушыджэрым щымащlэкъым. Къэзыщlыхум ар щlэблэм я щапхъэу зэрыщытыр къыхаугъэщ.

2012 гъэм Къардэн Альберт пашэ щыхъуащ Шэрэдж районым щекlуэкlа «Илъэсым и егъэджакlуэ» зэпеуэм. И Iуэху бгъэдыхьэкlэмрэ ныбжьыщlэхэм зэрадэлажьэ Iэмалхэмрэ я щlэщыгъуаГэр къэпщытакlуэхэм къалъытащ абы щыгъуэм. Псалъэм папщlэ, 2006 гъэм абы къызэригъэпэщащ «Хэкупсэ» зыфlища зэгухьэныгъэр. Абы хэт ныбжьыщlэхэм (7 - 11-нэ классхэм щlэсхэр) сыт щыгъуи ехъулIэныгъэфlэкlэр къыщагъэльагъуэ республикэ, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм: я пэ увыпIэр къыщахьащ Белгород кьалэм щекlуэкlа «Дзэ. Хэку. Къалэн» урысейпсо зэхьэзэхуэм, жыджэру зыкъыщагъэльэгъуащ Рязань, Краснодар, Анапэ щекlуэкlа зэпеуэхэми. Къапщтэмэ, иужьрей илъэсищым къыриубыдэу Къардэным и гъэсэн 20-м нэблагъэ урысейпсо зэхьэзэхуэхэм хэтащ икIи ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр зыIэрагъэхьащ. 2011 гъэм Альберт иныгъа 7-нэ классыр спорт и лъэныкъуэкlэ районым щынэхъыфlу кьалъытащ.

Зы илъэси къанэркъым Къардэн Альберт и гъэсэнхэм ехъулIэныгъэ гуэрхэр зыIэрамыгъэхьэу. Абы и «Хэкупсэ» клубыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ спорт Iуэхущlапlэ куэдым ядолажьэ, зэпеуэхэр къыщыIэрагъэпэщкlэ зочэнджащ. КъБР-м и ДОСААФ-р, Афган зауэм хэтахэм я зэгухьэныгъэр, «Хэкупсэ» клубыр - мыхэр я къару зэхэлъу щlэблэ узынщэ - лъэпкъым, къэралым хуаIэ лъагъуныгъэр кууэ, я блэкlар ящымыгъупщэу, нэгъуэщl лъэпкъхэм ящыщхэм пщlэ хуащlу - къэгъэтэджныным йогугъу.

Къардэн Альберт КъБР-м ЕГъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуаГэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэ и щlыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ, «Урысейм и хэкупсэ», «Афганистаным советыдзэхэр къызэрикlыжрэ илъэс 20 ирокъу» медалхэр кьратащ.

ДЖАТЭЖЬЕЙ Рузаннэ.

● Щапхъэ

Къабзагъэкlэ, гуапагъэкlэ, хуабагъэкlэ гъэнщlауэ

Налшык дэт Лъэпкъ музейм гъэлъэгъуэныгъэ гъэщlэгъуэн мэлыжьыхьым и 27-м къыщыдэIуахащ.

ЛЪЭПКЪ дамыгъэхэр, тхыпхъэщlыпхъэхэр, теплъэгъуэ хьэлэмэтхэр, тауральым хэт лIыхъужьхэр, нэгъуэщl куэдми ущрихьэлIэнут выставкэр щекlуэкlэ пэшым. Ар зи Iэдакъэщlэкlхэм я ныбжьыр илъэс 14-м щlимыгъуми, гъуазджэр псэкlэ зэрызыхащlэр нэрылъагъут. Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр кьагъэсэбэпурэ цым къыхащlыкlа суэтхэм хуабагъэу кьалкърыкlыр къэIуэтэгъуейщ.

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкlэ, спортымрэ хьыбарегъащlэ Iэнатlэхэмкlэ и комитетым и унафэщl **Пащты Борис** выставкэр къыщызэIуихым сабийхэм я Iэдакъэщlэкlхэм хэлъ къабзагъэм, гуапагъэм уэзратхъэкъур, ныбжьыщlэхэм Iуэху еплъыкlэ щlэщыгъуэ зэралэр къыхигъэщащ.

- Лъэпкъым къыдекlуэкlыу щыта Iэпщlэлъапщагъэр ныбжьыщlэхэм зэрыхалъхьэм хуабжьу сыщыгуфIыкlащ.

- Фlыщlэ щхьэхуэ яхуэсщlыну сыхуейщ къызэгъэпэщакlуэхэм, Iуэхум хуэмыщхьахыу сабийхэр къезышалIэ адэ-анэхэм. Сыщогугъ ныбжьыщlэхэм фи Iэдакъэщlэкlхэмкlэ адэ-анэхэм. Сыщогугъ ныбжьыщlэхэм фи Iэдакъэщlэкlхэмкlэ ящыри куэдрэ дывгъэгуфIэну, - захуигъэзащ Пащтым щыкlуэхэм.

КъБР-м и Жьалагъуэ палатэм жьалагъуэм запыщlэнымрэ информационно-технологие къызэгъэпэщыныгъэмкlэ и къудамэм и унафэщlым и къуэдзэ **Дадэ Суфадин** псалъэ щратым, выставкэр къызэзыгъэпэщамрэ абы зи лэжьыгъэ хэтхэмрэ фыщlэ яхуищlащ.

- Лэжьыгъэхэм уатхьэкъу, сыщогугъ кIуэ пэтми фи Iэщlагъэм хэвгъэхъуэну, абы хуэIэижь фыхъуну. Ди лъэпкъхэм я бынхэр лэжьыгъэм щlалIыкIыу щытащ. Цыху Iэпщlэлъапщlэхэм пщlэшхуэ хуащlу кьекlуэкlыр.

Сыхуейщ дапэкlи ехъулIэныгъэр фи лэм я щапхъэу зэрыщытыр къыхаугъэщ.

2012 гъэм Къардэн Альберт пашэ щыхъуащ Шэрэдж районым щекlуэкlа «Илъэсым и егъэджакlуэ» зэпеуэм. И Iуэху бгъэдыхьэкlэмрэ ныбжьыщlэхэм зэрадэлажьэ Iэмалхэмрэ я щlэщыгъуаГэр къэпщытакlуэхэм къалъытащ абы щыгъуэм. Псалъэм папщlэ, 2006 гъэм абы къызэригъэпэщащ «Хэкупсэ» зыфlища зэгухьэныгъэр. Абы хэт ныбжьыщlэхэм (7 - 11-нэ классхэм щlэсхэр) сыт щыгъуи ехъулIэныгъэфlэкlэр къыщагъэльагъуэ республикэ, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм: я пэ увыпIэр къыщахьащ Белгород кьалэм щекlуэкlа «Дзэ. Хэку. Къалэн» урысейпсо зэхьэзэхуэм, жыджэру зыкъыщагъэльэгъуащ Рязань, Краснодар, Анапэ щекlуэкlа зэпеуэхэми. Къапщтэмэ, иужьрей илъэсищым къыриубыдэу Къардэным и гъэсэн 20-м нэблагъэ урысейпсо зэхьэзэхуэхэм хэтащ икIи ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр зыIэрагъэхьащ. 2011 гъэм Альберт иныгъа 7-нэ классыр спорт и лъэныкъуэкlэ районым щынэхъыфlу кьалъытащ.

Зы илъэси къанэркъым Къардэн Альберт и гъэсэнхэм ехъулIэныгъэ гуэрхэр зыIэрамыгъэхьэу. Абы и «Хэкупсэ» клубыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ спорт Iуэхущlапlэ куэдым ядолажьэ, зэпеуэхэр къыщыIэрагъэпэщкlэ зочэнджащ. КъБР-м и ДОСААФ-р, Афган зауэм хэтахэм я зэгухьэныгъэр, «Хэкупсэ» клубыр - мыхэр я къару зэхэлъу щlэблэ узынщэ - лъэпкъым, къэралым хуаIэ лъагъуныгъэр кууэ, я блэкlар ящымыгъупщэу, нэгъуэщl лъэпкъхэм ящыщхэм пщlэ хуащlу - къэгъэтэджныным йогугъу.

Къардэн Альберт КъБР-м ЕГъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуаГэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэ и щlыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ, «Урысейм и хэкупсэ», «Афганистаным советыдзэхэр къызэрикlыжрэ илъэс 20 ирокъу» медалхэр кьратащ.

ДЖАТЭЖЬЕЙ Рузаннэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Къэшэжым и дерс Iущхэр

ЩЫIЭЩ цIыху и Iэщlагъэр фIыуэ илъагъуэм къыщымыIэну, абы езыр къыхуигъэщlауэ, игуи и пси а Iуэхум етауэ и Iэщlагъэр ирихьэкlыIу. Апхуэдэр егъэджакlуэмэ, езым и зэфlэкlхэм щlэблэр щlигъэджыкlмэ, бгъэдэлъ щlэныгъэм къыщlигъэтаджэмэ, и щхьэ Iуэху телажьэм и мызакъуэу, ар лъэпкъми хуэщхьэпащ, абы и зыужьныныгъэм и гуащlэ ирехьэлIэ. Апхуэдэ егъэджакlуэ щlэджащlэ, ущиякIуэ Iущщ Къэшэжхэ ягъэхъу я ныс Iюдэ.

Къэшэжь Iюдэ Хьэжьсмел и пхъур Дзэлыкъуэ щыIанальэм хыхьэ Дзэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. 1983 гъэм къуажэ аджапIэр къиухри, КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм щlэтIысхьащ. 1989 гъэм ар ехъулIэныгъэкlэ къиухащ. Каменномост (Къармэхьаблэ) дэт курыт еджапIэ № 3-м илъэсийкlэ щылэжьащ, Къамбий Мухьэ и цIэр зэрихьэу а къуажэм щыIэ курыт еджапIэ №91-м 1995 гъэм къыщыдэIащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ щрегъэдж, категорие нэхъыщхьэ зиIэ егъэджакlуэ.

Iюдэ гъащlэр фIыуэ зыльагъу икIи ар зыгъэдахэ, езыгъэфlакlуэ цIыхуш, езым къыззрильытэмкlи, абы унагъуищ иIэщ. Я́пэр, езыр кьызихэкlа Къэшэжхэ Хьэжьсмелрэ Марямрэ, и дэлъхумрэ и шыпхъэхэмрэщ. ЕтIуанэр, илъэс 30 хуауэ зыихэ Лыхьхэ я унагъуэрщ - и щхьэгъусэрщ, и къэмрэ ихьэхэмрэщ. Ильнарэрэ Елдаррэщ. ЕгъэджакlуэI Iэзэм и ещанэ унагъуэу ехьелыитэ илъэс 29-рэ хуауэу щылажьэ курыт еджапIэхэр.

Iюдэ и Iэщlагъэм гу зэрыхуиущlар игу кьеГэкlыжь икIи фIыщlэ яхуещl а лъагъуэм тезышхахэм. Сабий ныбжьым зэрит лъандэрэ абы псэкlэ кьыхихат егъэджакlуэ Iэщlагъэр, ауэ иригъэджыну предметыр бедлъеуы щыхъуар, ар фIыуэ щlилъэгъуар адыгэбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэу Лыхь Хьаджэт я ещанэ Iэпэшым къыщlэбгъкуа дахьикъэщlа. «Абы бзэр, псалъэр, филологиер зэрыщыту къащтэмэ, си псэм къыхипщащ», - жеIэ Iюдэ. Лыхь (Махуэлl) Хьаджэт Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и журналистщ, анэдэлъубзэр щIыхубэм зэрахипщэфын къэуухрэ зэфlэкlрэ бгъэдэлъщ. Абы и чэнджэщкlэ Iюдэ КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм щlэтIысхьащ икIи ар къыщыуха 1989 гъэ Iальандэрэ егъэджакlуэ Iэщlагъэм хэпэжу ирохлажьэ, и псэм пищl адыгэбзэр щlэблэм яIурылъхьэнымкlэ Iэхъушхуэхэр зэфlэх.

Егъэджакlуэ Iэзэм и зэфlэкlхэм я щхьхэт наIуэщ абы къыхуагъэфащ щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр. Сочэ кьалэ щекlуэкlа «Шаги в науку-Юг» конференцэм и лауреат хъуа ныбжьыщlэр зэриГэхьэзэырам папщlэ, абы кьратащlыхьэ тхылъ, апхуэдэуи Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономиеи и унафэщl Уэхъутэ Александр къыхуигъэфэщащ «Анэдэлъубзэмрэ щэнхабзэмрэ хуищl хэлъхьэныгъэм папщlэ» фIыщlэ тхылъыр. И егъэджакlуэ цIыкIуэр зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрахигъэхьэзырам папщlэ Iюдэ кьратащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щlэныгъэмкlэ я министерствэхэм я дипломхэр.

Iюдэ и зэфlэкlхэр наIуэ къэзыщlыр езым къыхуагъэфэща щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ я закъуэкъым, атlэ и гъукlэгъэсэн егъэджакlуэ цIыкIуэмэ я екъулIэныгъэ бжыгъэнщlэхэрщ. Абы игъэхьэзырра егъэджакlуэхэр район, республикэ олимпиадэхэм хэтщ, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэфlэкlщlагъэнэхэу. Апхуэдэу, къэбгъэльагъуэ хъунущ Къэшэжым и егъэджакlуэ Абыдэ Алинэ «Псори сщlэну сыхуейщ» дунейпсо зэпеуэм ещанэ увыпIэр къызэрыщыхуагъэфэщар, а зэхьэзэхуэ дыдэм Кlымыщ Тимур текlуэныгъэр къызэрыщихьар. Гъатхэпэм и 26-м ахэр иджыри зэ а зэпеуэм ирагъэблагъащ икIи Абыдэ Алинэ «Нартхэ я хъугъуэфIыгъуэ» унэтIыныгъэмкlэ я́пэ увыпIэр иубыдащ. Езы Iюдэ ипхъу икIи и егъэджакlуэ Лыхь Иннэ 10-нэ классым щlэсу «Лыхьхэ я лакъуэр» лэжьыгъэр игъэхьэзыращ, абыкIи Налшык щекlуэкlа зэпеуэхэм къыщыхэжаныкlащ, я́пэ увыпIэри къыщихьа щlыпащ.

Къэшэж Iюдэ сыт щыгъуи и Iэщlагъэм зэрызригъэжьыр Iэмалыщlэхэр къелъхьэу, и щlэныгъэм зэрыхигъэхъуэным, ар щlэблэм щlэщыгъуэу зэрабгъэдилъхьэжьынымкlэ ящlэ итщ. И лэжьыгъэр нэхъ гъэщlэгъуэн икIи купщlафIэ ищlын мурадкlэ, абы къеГэсэбэп егъэджэныгъэмкlэ методикэщlэхэр, езым къыгъэщlыжа Iуэху бгъэдыхьэкlэхэр. АбыкIэ егъэджакlуэм хуабжьу сабэп къыхуохъу техникэщlэхэр къызэригъэIэрыхуэр, щlэныгъэм щыхагъахъуэ институтым къыщызэрагъэпэщ курсхэм зэрыкlуэр, дунейпсо, урысейпсо щlэныгъэ конференцэхэм зэрыхэтыр.

Гудзакъэ зиIэ бзылъхугъэ щыпкъэр фIыуэ яльагъу, абы пщlэ ин хуащl къыдэлажьэхэми зыхэс лъэпкъми.

2014 гъэм дунейм къытехьащ Лыхьхэ я́теуху «Род Лиховых» тхылъыр. Ар къыдэкlыным хуэзыгъэхьэзырар Iюдэщ. Тхылъым щызэхуэхьэсащ унэцIэр къызытекIауэ мы зэманым къэса лъыбархэр, дамыгъэхэр, архив дэфтэрхэр, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я цIэ-унэцIэхэр, Лыхь лъэпкъым щыщхэр щыпсэу щlыпIэхэр, цIыху щхьэхуэхэм я́теуху очеркхэр. Апхуэдэу тхылъым куэду итщ зэман зэмылIэужьыгъуэхэм траха сурэтхэр, тхыгъэкlэ зи гугъу щыщlар наIуэу уи нэгу къыщlагъэхьэрэ лэжьыгъэр я́гъэбейуэ.

Зэчий зыбгъэдэлъ цIыхум сыт щыгъуи гъащlэм фIэщlэщыгъуэщ, махуэщlэ къэскIи и псэм зезыгъэузэщl дахагъэ хелъагъуэ. Iюдэ журналистикэми дехьэх, и тхыгъэхэр «Нур» журналым, «Адыгэ псалъэ», «Зольские вести» газетхэм къытохуэ, «Ди дуней» еджапIэ газетым и редакторщ. Нэхъыбэу ар зытетхыхьри и еджакlуэ цIыкIуэм, щылажьэ еджапIэм, къыздэлажьэжи я зэфlэкlхэрщ. Абы къызэригъэпэщащ икIи егъэлажьэ «Журналист ныбжьыщlэ» хасэри. А хасэм хэтхэу Маргъуу М., Хьэмыз М., Мэкъуауэ А., Мыщхъэжь М., Лыхь И., Хьэмыз А. сымэ «Шемякинская весна» фестивалым 2014 гъэм я зэфlэкl щlэпльыжащ икIи я́пэ, етIуанэ дзмыгъэ зиIэ дипломхэр зыIэрагъэхьащ.

А псом къищынэмыщlыжауи, Iюдэ сурэт техыныр зыхилхьэ щыIэкъым, и хэкум хуиIэ гурыщlэ куум и щыхьэтщ абы и щlыпIэ тельыджхэр и сурэтхэм куэдрэ къызэрытещlыр. 2015 гъэм ар хэтащ «Бжьыхьэ теплъэгъуэхэр» зыфlаща Урысейпсо сурэт-зэпеуэм икIи ещанэ дамыгъэ зиIэ дипломыр къыщыхуагъэфэщащ.

Iюдэ иригъэджахэм, гъуэгуанэ дахэ тригъэувахэм сыт щыгъуи дигу илъ абы и дерс Iущхэр, бзэ дахэр, и цIыхугъэр. Ди егъэджакlуэм и гуащlэмрэ гукъыдэжымрэ мыкIуэщlу иджыри илъэс бжыгъэ куэдкlэ ди Къэрмэхьэблэ жылэжьым, хэкум, лъэпкъым хуэлэжьну ди гуапэщ!

ГУГЪУЭТ Лидэ.



Къэшэж Людмилэ

● Ди псэлъэгъуэр

Псэм дыхьэ Iуэхур къыптехьэлъэркъым

Зэчий зыбгъэдэлъ, зыпэрыт Iуэхум зэфlэкlкlэ къыщызыгъэлъагъуэ щlалэгъуалэр, ди гуапэ зэрыхъунщи, ди мащlэкъым. Абыхэм ящыщ зыщ «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-м и радиом и журналист, КъБР-м и Щlалэгъуалэ правительствэм щэнхабзэмкlэ и министр Дзэгъащтэ Азэмэт. Жэуапыныгъэ зыпылъ апхуэдэ къалэнхэр и пщэ дэлъми, ар нэхъыбэу къызэрацIыхур пародие жанрыр къызэхъулIэ артистщ. КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэр къэзыIуха Дзэгъащтэр а Iуэхум зэрыдихьэха хъуар къэтщlэну упщlэ зыбжанэкlэ зыхуэдгъэзащ.

Дзэгъащтэ Азэмэт

- Азэмэт, зыгуэрым зыпыщlыжыным дауэ хуэхъкIуат?

- Iуэхур къыщежьар КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм сыщыщlэса зэманырщ. Ди гупым хъыджэбз цIыкIу гуэр хэст, гъэщlэгъуэну егъэджакlуэхэм запищlыжу. Хъыджэбз цIыкIум зэманкlэ сыкlэпхъыпльэ, сэри схуэщlыну къысщыхъуащ. Дезыгъаджэжьм запыщlыжу щlэздзэри, къызэхъулIэрт. Апхуэдэу, къызздеджэхэм фIэкlа сыкъамыщlэу, абыхэм зыгуэрхэм зыпызагъэщlыжурэ илъэситlкlэ екIуэкlащ.

Иужькlэ тхакIуэ цIэрыIуэ IутIыж Борис и пшыхь къызэрагъэпэщауэ утыкум сыкъыхьауэ щытащ. ЗэIущlэм хэтхэр хэти IутIыжым и усэхэм, хэти и гушыIэхэм къеджащ. «Слабое звено» теленэтыныр екIуэкIырт абы щыгъуэм, абы тесщlыкIыжри, «Пародие на слабое звено» номер зэхэзгъуэвати, ар згъэльэгъуащ. ИкъукIэ си гуапэ хьуауэ пэшым щlэсхэм Iэгуауэшхуэ схуаIэтат. Утыку сыкъыкIыжа иужькlэ Мысостышхуэ Пщышэбий къызэгъэдыхьэри къызжиIат: «Дэ илъэситхукlэ худогъаджэ артист Iэщlагъэм. Уэ иджыпсту утыку узэритам унэсын папщlэ, илъэс Iэджэкlэ узэлэжьыжьын хуейщ. Артист нэсым ухуэдэщ, сыт хуэдэ утыкуи урагъэхьэ зыхунущ». Абы и щlытхъу псалъэхэм Iуэхум нэхъ сытрагъэгушхуащ.

- Хэт сымэ я образхэр нэхъ къохъулIэу къэплъытэрэ?

- Сэ нэхъыбэу зызыпысщlыжыр дезыгъаджэхэрат. Утыку укъыщыхьэкlэ бгъэлъэгъуэн хуейр цIыхухэм фIыуэ яцIыку образхэрщ. Зэгуэрым Бещтокъуэ Хьэбас и пшыхь ирагъэкIуэкIыу Нало Заур, ХьэIупэ Джэбрэил, Тут Заур сымэ къыщыпсалъэу зэхэсхащ. Абыхэм я псэлъэкlэр, утыку итыкlэр сигу ирихьри, запысщlыжу щlэздзащ.

- Утыкуэхэм я́пэу ущихьар къздгъэщlэжыт.

- Абы щыгъуэ иджыри сыстудентт. Профсоюзхэм Щэнхабзэмкlэ я унэм и режиссёр нэхъыщхьэ Гумэ Мариндж «Удыкъэшхьынымэ, къебларгъэI!» пшыхьым сыхэтыну сригъэблагъат. Мо артистышхуэхэм я гъусэу утыку сихьэныр сэркlэ пщlэшхуэт. «Мыбыхэм садэхъуну, садекIуэкIыфIыну пIэрэ?» - жысIэу дзыхь зыхуэзмыщlыжурэ, Маринэ сытригъэгушхуауэ щытащ. Пшыхь нэужьым КъБР-м щlыхь зиIэ и артист Балъкъэр Юрэ зыкъыхсучигъаззри: «Я́пэ утыку ихьэгъуэр псоми фIыуэ къехъулIэркъым, ауэ уэ пхуэзфlэкlащ хъарзынэу зыкъэбгъэлъэгъуэн, цIыхухэм я́гу удыхьащи, адэкlи егъэфlакIуэ», - жиIэри къызщытхъуащ. Абдежым къыщыщlэздзауэ гушыIэ пщlыхьащхьэхэм сыхэту къокIуэкI. Пародист Дым Елдаррэ сэрэ «Хьэлупэ плюс теленэтын», «Кто хочет стать миллионером?», «Дискотека 80-х» фIэщыгъэхэр зиIэ пародиехэр дгъэхьэзыраурэ догъэлъагъуэ.

- Азэмэт, журналист, артист Iэщlагъэхэр зэдыбохь. Зыр адрейм зэран хуэхъуркъэ?

- Иджыри седжэжу журналист Iэщlагъэм сыпэрыхьауэ щытащ. А́пэ хуэмыщlэ икъукIэ сыдихьэхыу икIи сфlэгъэщlэгъуэну сыпэрыхьащ. Утыкум сызэрытым и гугъу пщlымэ, ар лэжьыгъэ зэхъэпытэркъым, атlэ си псэм дыхьэ Iэхуу аращ.

- Упсэу, Азэмэт! Цlыхухэр бгъэгуфIэу, фIыуэ укъалъагъуу утыкум уитщи, уи мурадхэр Тхьэм къуигъэхъулIэ!

ХЪУПЭ Марьянэ.

● Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр

Тхылъыр зи Iэпэгъу

Си тхыгъэмкlэ фэзгъэцIыхуну сыхуейщ бзылъхугъэ гуащlафIэ, Жэнхъуэтекъуэ къуажэ библиотекэм и лэжьакIуэ Хьэцыкlу Ленэ Мэстафэ и пхъур. Школыр кьиуха нэужь, Ленэ тыкъэнтет Iэщlагъэм илъэситlкlэ хуеджэри, тхылъ щащэ тыкуэным лэжьэн щыщlидзащ 1978 гъэм.

АПХУЭДИЗ тхылъым ущыхэткlэ, уеэхъуапсэу уеджэнтэкъэ икIи удихьэхынтэкъэ! Ленэ лэжьыгъэм дихьэхащ.

Ауэрэ бзылъхугъэр унагъуэ ихьащ, щlалэрэ хъыджэбзитIрэ игъэтащ. Нэхъ иужьыIуэкlэ, кьуажэ администрацэм и унафэщlым ар иригъэблагъащ библиотекэм щылажьэну.

- Тхылъыр фIыуэ слъагурт, кьысхуагъэлъэгъуа Iэнатlэр схуэгъэкъаруунуи, арэзы сыхъащ. 1996 гъэм лэжьэн щlэздзащ, - жеIэ бзылъхугъэм.

Библиотекэм еджакIуэ цIыкIуэр кьришэлIэн, ахэр тхылъым дригъэхьэхын папщlэ абы зэпеуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэ гъэщlэгъуэнхэр къызэригъэпэщырт.

Ноби Ленэ жыдэрэр мэлажьэ, цIыхухэм сэбэп яхуэхъун папщlэ Iэмал зэхуэмыдэхэр кьеГэсэбэп. Щlэх-щlэхыурэ библиотекэм къыщызэрегъэпэщ зэхьэзэхуэхэр. Апхуэдэщ иджыблагъэ «Унагъуэм, льагъуныгъэм, пэжыгъэм» и махуэм теухуауэ ирагъэкIуэкlар. Ныбжьыщlэхэр акъыл жанагъкlэ зэпеуэщ, усэ гъэхуауэ кьеджащ.

Тхылъ еджэр нэхъ мащlэ зэрыхьуар Ленэ игу кьеуэми, мэгугъэ абы и пщlэр игъэтыжыну. ЦIыкIуэм тхылъыр Iэщlыб ямыщlыным езыми и гуащlэ хелъхьэ.

- СогуфIэ, сабийхэр библиотекэм кьекIуаIлэмэ. Щlэныгъэм нэхъыфI зэрыщымыIэр яжьизоIэ, еджэным тызоГэгушхуэ, - жеIэ абы.

КЪУЭДЗОКЪУЭ - ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Заирэ.

Къэшэжым и дерс Iущхэр

ЩЫIЭЩ цIыху и Iэщlагъэр фIыуэ илъагъуэм къыщымыIэну, абы езыр къыхуигъэщlауэ, игуи и пси а Iуэхум етауэ и Iэщlагъэр ирихьэкlыIу. Апхуэдэр егъэджакlуэмэ, езым и зэфlэкlхэм щlэблэр щlигъэджыкlмэ, бгъэдэлъ щlэныгъэм къыщlигъэтаджэмэ, и щхьэ Iуэху телажьэм и мызакъуэу, ар лъэпкъми хуэщхьэпащ, абы и зыужьныныгъэм и гуащlэ ирехьэлIэ. Апхуэдэ егъэджакlуэ щlэджащlэ, ущиякIуэ Iущщ Къэшэжхэ ягъэхъу я ныс Iюдэ.

Къэшэжь Iюдэ Хьэжьсмел и пхъур Дзэлыкъуэ щыIанальэм хыхьэ Дзэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. 1983 гъэм къуажэ еджапIэр къиухри, КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм щlэтIысхьащ. 1989 гъэм ар ехъулIэныгъэкlэ къиухащ. Каменномост (Къармэхьаблэ) дэт курыт еджапIэ № 3-м илъэсийкlэ щылэжьащ, Къамбий Мухьэ и цIэр зэрихьэу а къуажэм щыIэ курыт еджапIэ №91-м 1995 гъэм къыщыдэIащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ щрегъэдж, категорие нэхъыщхьэ зиIэ егъэджакlуэ.

Iюдэ гъащlэр фIыуэ зыльагъу икIи ар зыгъэдахэ, езыгъэфlакIуэ цIыхущ, езым къыззрильытэмкlи, абы унагъуищ иIэщ. Я́пэр, езыр кьызихэкlа Къэшэжхэ Хьэжьсмелрэ Марямрэ, и дэлъхумрэ и шыпхъэхэмрэщ. ЕтIуанэр, илъэс 30 хуауэ зыихэ Лыхьхэ я унагъуэрщ - и щхьэгъусэрщ, и къэмрэ ихьэхэмрэщ. Ильнарэрэ Елдаррэщ. ЕгъэджакlуэI Iэзэм и ещанэ унагъуэу ехьелыитэ илъэс 29-рэ хуауэу щылажьэ курыт еджапIэхэр.

Iюдэ и Iэщlагъэм гу зэрыхуиущlар игу кьеГэкlыжь икIи фIыщlэ яхуещl а лъагъуэм тезышхахэм. Сабий ныбжьым зэрит лъандэрэ абы псэкlэ кьыхихат егъэджакlуэ Iэщlагъэр, ауэ иригъэджыну предметыр бедлъеуы щыхъуар, ар фIыуэ щlилъэгъуар адыгэбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэу Лыхь Хьаджэт я ещанэ Iэпэшым къыщlэбгъкуа дахьикъэщlа. «Абы бзэр, псалъэр, филологиер зэрыщыту къащтэмэ, си псэм къыхипщащ», - жеIэ Iюдэ. Лыхь (Махуэлl) Хьаджэт Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и журналистщ, анэдэлъубзэр щIыхубэм зэрахипщэфын къэуухрэ зэфlэкlрэ бгъэдэлъщ. Абы и чэнджэщкlэ Iюдэ КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм щlэтIысхьащ икIи ар къыщыуха 1989 гъэ Iальандэрэ егъэджакlуэ Iэщlагъэм хэпэжу ирохлажьэ, и псэм пищl адыгэбзэр щlэблэм яIурылъхьэнымкlэ Iэхъушхуэхэр зэфlэх.

Егъэджакlуэ Iэзэм и зэфlэкlхэм я щlыхьэт наIуэщ абы къыхуагъэфащ щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр. Сочэ кьалэ щекlуэкlа «Шаги в науку-Юг» конференцэм и лауреат хъуа ныбжьыщlэр зэриГэхьэзэырам папщlэ, абы кьратащlыхьэ тхылъ, апхуэдэуи Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономиеи и унафэщl Уэхъутэ Александр къыхуигъэфэщащ «Анэдэлъубзэмрэ щэнхабзэмрэ хуищl хэлъхьэныгъэм папщlэ» фIыщlэ тхылъыр. И егъэджакlуэ цIыкIуэр зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрахигъэхьэзырам папщlэ Iюдэ кьратащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щlэныгъэмкlэ я министерствэхэм я дипломхэр.

Iюдэ и зэфlэкlхэр наIуэ къэзыщlыр езым къыхуагъэфэща щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ я закъуэкъым, атlэ и гъукlэгъэсэн егъэджакlуэ цIыкIуэмэ я екъулIэныгъэ бжыгъэнщlэхэрщ. Абы игъэхьэзырра егъэджакlуэхэр район, республикэ олимпиадэхэм хэтщ, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэфlэкlщlагъэнэхэу. Апхуэдэу, къэбгъэльагъуэ хъунущ Къэшэжым и егъэджакlуэ Абыдэ Алинэ «Псори сщlэну сыхуейщ» дунейпсо зэпеуэм ещанэ увыпIэр къызэрыщыхуагъэфэщар, а зэхьэзэхуэ дыдэм Кlымыщ Тимур текlуэныгъэр къызэрыщихьар. Гъатхэпэм и 26-м ахэр иджыри зэ а зэпеуэм ирагъэблагъащ икIи Абыдэ Алинэ «Нартхэ я хъугъуэфIыгъуэ» унэтIыныгъэмкlэ я́пэ увыпIэр иубыдащ. Езы Iюдэ ипхъу икIи и егъэджакlуэ Лыхь Иннэ 10-нэ классым щlэсу «Лыхьхэ я лакъуэр» лэжьыгъэр игъэхьэзыращ, абыкIи Налшык щекlуэкlа зэпеуэхэм къыщыхэжаныкlащ, я́пэ увыпIэри къыщихьа щlыпащ.

Къэшэж Iюдэ сыт щыгъуи и Iэщlагъэм зэрызригъэжьыр Iэмалыщlэхэр къелъхьэу, и щlэныгъэм зэрыхигъэхъуэным, ар щlэблэм щlэщыгъуэу зэрабгъэдилъхьэжьынымкlэ ящlэ итщ. И лэжьыгъэр нэхъ гъэщlэгъуэн икIи купщlафIэ ищlын мурадкlэ, абы къеГэсэбэп егъэджэныгъэмкlэ методикэщlэхэр, езым къыщыгъэщlыжа Iуэху бгъэдыхьэкlэхэр. АбыкIэ егъэджакlуэм хуабжьу сабэп къыхуохъу техникэщlэхэр къызэригъэIэрыхуэр, щlэныгъэм щыхагъахъуэ институтым къыщызэрагъэпэщ курсхэм зэрыкlуэр, дунейпсо, урысейпсо щlэныгъэ конференцэхэм зэрыхэты

● Мэшбащ1э Исхьэкъ и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу

Гущхьэ гъуэмылэ лъап1э

Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я ц1ыхубэ тхак1уэ Мэшбащ1э Исхьэкъ утетхыхьыныр тынш-къым, абы и зэф1эк1ыр нэгъэсауэ къэзэрыбг1эл1эгъуэн псалъэхэр къыпхуэмыгъуэтынк1э хъунущи. Мэшбащ1эр сэ къызолъытэ адыгэ лъэпкъым и вагъуэу, сыту жып1эмэ, абы и гъащ1эм ук1уэц1рыпл1рэ хузэф1эк1ар къызэщ1эпкъуэжмэ, ар щапхъэщ, гъуэзэщ. Ди тхак1уэхэм яхэтк1ым адыгэм абы нэхъыбэ тхылъ тхуэзытха. Абы и Iэдакъэ къыщ1эк1ащ тхыльи 100-м щ1игъу. И романхэр тхылъ 20 нэхъыр нэхъыбэ мэхъу. Абыхэм ящ1ыщу 6-р Кавказ лъапсэрыкъ зауэжьым, адыгэр хэкум зэрырахуам, хэхэс адыгэхэм ятеухуащ, щ1эныгъэ лъабжьэ зиI3 тхыдэ романхэщ.

Мэшбащ1э Исхьэкъ и зэф1эк1ыр къызэрытлъытэр и Iэдакъэм къыщ1эк1а тхыльхэм я бжьгъэм и куэдагъымк1экъым, ат1э и тхыгъэхэм щиуху дунейм и пэжагъырщ, ар зэритх бгъэм и къабзагъырщ, шэрыуагъырщ. Усэгъэпсык1эмк1э Хьэткъуэ Ахьмэд, прозэмк1э К1эрашэ Тембот хуэдэу, сэнауш лъагэк1э Тхьэр къыхуэупсащ абы. Адыгэ жьабзэм (литературэм) яп1э лъэбакъуэхэр щызыча нэхъыжьыф1эхэр гъуэзэ хуэхъуами, иужьым езым а унэт1ыныгъэм щ1ихишыжа лъагъуэр гъэгу бгъуф1э хъуащ. Тхэну къалэмыр къэзыщ1э дэтхэнэ зыми и хъуэпсап1эщ Мэшбащ1эм и лъагъуэ ирик1уэныр.

Мэшбащ1э Исхьэкъ и дунейр зыхуэдэр къыпхуэщ1энуц абы и Iэдакъэщ1эк1эмк1э. Абы и тхыгъэхэм къемыджам сыт и махуэ, сыт хищ1ык1рэ адыгэ литературэм?! Абы и романхэр щ1эзыджык1а ц1ыхур, университет зыбжанэ къэзыухам хуэдэу, губзыгъэ зэрищ1ынур, лъэпкъым хуэфэщэн ц1ыху нэсу зэрыпсэунур шэч къызэрытумыхьэнщ.

Щэрэ зэхэпх нэхърэ - зэ плъагъу

Адыгэ Iуэхум хэту зы ц1ыхуи щ1ыIу къыщ1эк1ынкъым Мэшбащ1э Исхьэкъ и Iэр зэхимыхауэ. Сэ си щ1алэгъуэт абы и ц1ар щызэхэсхам. Радиомк1э и усэхэр зэ3эмызэ къатырт. Пэжц, сыт хуэдэ радиоми сщ1эжырк1ам ар щызэхэсхар - Урысейм, Иорданием я радиохэм дедаIуэфырт. Адыгэ Республикэм щ1лажьэ радиори зэ3эмызэ хъуэдыдыдыфырт. Псалъэм папщ1э, сэ ял1у сызэдаIуэу щыта и усэхэм ящ1ыщ «Си щ1ыгу» жыхуиIэр. Абы адыгэ лъэпкъыр хуэдэ дыдэ щ1ауэ зэрымэкъумэшыщ1эр къызэрыхихьащым и мызакъуэу, щ1ым елэжь ц1ыхумрэ щ1ымрэ зэрызэхуигъадэр, щы вагъащ1эмрэ щ1акъуэ гъэжьагъащ1эмрэ зэрызэрригъэщхьыр сф1эгъэщ1эгъуэну нобэми си гум ильщ. Исхьэкъ адыгэбзэм апхуэдизк1э хуэ1эзэщи, абы и бзэр уи пкъым къыхохьэ, уи гум къ0Iусэ, уи псэм лъо0Iэс.

Исхьэкъ урыс тхак1уэшхуэ I3зэхэм я Iэдакъэщ1эк1эм щыщ адыгэбзэк1э зэридзэк1ащ. Абык1э абы къиг1эльэгъуащ адыгэбзэм и лъэщагъыр, ди андзэльхубзэм и дахагъыр, и шэрыуагъыр. Зэгуэрым Исхьэкъ нэгъэщ1эщ тхак1уэ ц1ыфыI3хэм я тхылъхэр зэридзэк1ыр щытамэ, и ящ1ыгъыр. Зэгуэрым Исхьэкъ нэгъэщ1эщ тхак1уэ ц1ыфыI3хэм я тхылъхэр зэридзэк1ыр щытамэ, етIуанэр щ1эблэщ1эм щапхъэу егъэлъагъуныщ. Нэрылъагъу щыпщ1мэ, щ1эблэм ар щапхъэ зыщищ1ынк1э хъунущ.

Гъащ1эр философиек1э гъэнщ1а гъуэгуанэщ

Мэшбащ1э Исхьэкъ къик1уа гъуэгуанэр хуабжьу гъэщ1эгъуэнщ. Абы зыщ1ыбгъэгъуаззэмэ, гу лъыдт3нщ, махуэм жэщыр къызэрык1элъык1уэм хуэдэу, абы и гъащ1эри ф1ым Iейр к1эльык1уэу зэрызэхэлъыр.

Хэкум бийр къыщ1етуэм, Исхьэкъ и адэшхуэхэри л1ыкъужь псэемыблэжу зэуапIэм Iухьащ. Къапэщ1эувам къаурк1э щапэмылъэщым, ар ихуащ гъэрпIэ. Апхуэдэу, и щхьэр хуит къызэрищ1ыжьным щ1эгупсысуэр, ермэлы гуэрым ищхэри, зэманк1э абы игъэпщ1ылащ. И щхьэ к1ыщ1ахуэну I3мал къыщ1ихуькъуэк1ым, ар къиг1эссэбэпри, хуит хьужащ. Зыдэса адыгэ жьлэжьыр зэтрагъэсхьауэ зэрыщ1ымыIэжьым къыжк1э, 1861 гъэм Краснодар щ1ыналъэм хиубыдэ Успен районым Щ1хьэщхуж къуажэр щаухуащ. 1931 гъэм накъыгъэм и 28-м а къуажэм къыщ1алъхуащ Мэшбащ1э Исхьэкъ.

Исхьэкъ къызыхэк1а унагъуэм мэш куэд ящ1эу, а Iуэхум хуэ1эжьыу щытагъэнти, «мэш куэд зыщ1э» мыхьэнэр къик1ыу Мэшбащ1э щ1ыф1ащари арагъэнущ. Лажьэрэ шхэжу, ц1ыхухэм я сэбэп ирагъэк1ыу псэу Мэшбащ1эхэ я унагъуэм гуауэр къытепсыхащ: Исхьэкъ и адэ Шумаф (Шумахуэ) Амзан и куэр и ныбжьыр илъэс 50 иримык1ауэу дунейм ехьжащ. Абы щыгъуэм зэрыбынитхум я еплIанэ Исхьэкъ и ныбжьыр илъэси 3 хъууэ арат. «Мыл1эр л1ы мэхъу», - жеI3 адыгэм. И анэмк1э и адэшхуэ-анэшхуэм зэрашэл1эжри, анэдэлъхубзэм, адыгэ хабзэм, лъэпкъ Iуэрыl1уатэм, тхыдэм щ1ап1ык1ыу къагъэхъу. Мис абдеж къыщ1ожьэ Мэшбащ1эм и ял1э гущхьэ гъуэмылэ лъапIэр. И анэр, дэтхэнэ зы адыгэ пщащ1ами хуэдэу, пшынэ дахэу еуэрт. Езым пшынэ иI3тэкъыми, Исхьэкъ я гъунэгъум игъак1уэурэ ар къригъэхьырт. Щ1ал3 ц1ык1ыр ф1эгъэщ1эгъуэну щ1эдэIуэрт адыгэбзэм и къригъэк1 макъамэм, анэм жиI3 уэрэдхэр. А уэрэдхэр л1ыхъужь куэрэдт, г3ыббзэт. Нэхъыбэгъу кьахэщ1ри адыгэ лъэпкъым и щхьэм кърик1уа гуауэмрэ гуэзвэгъуэмрэт. Исхьэкъ и анэшхуэмри, и адэшхуэми, абыхэм я ныбжьэгъуу я хьэщ1эщым къак1уэхэми къаIуэтэжыр а хьыбар гууэхэрт. Илъэси 5 - 6 ф1эк1а си мыныбжь щ1ал3 ц1ык1ыр о псоми едаIуэрт, гу щ1ыхьэ щ1ыхьэу. Апхуэдизэ б0лъхьэ зытелъа, гуэзвэгъуэ зыгъэва адыгэ лъэпкъым и гу бампIэр хуигъэт1ысыну, и щхьэм кърик1уар дунейпсом къаригъэщ1эну пщэрылъ зыщищ1ыжати, ар зэригъэзэщ1эным сытым дежи телажьащ.

Сабийм апхуэдэ пщэрылъ зыщищ1ыжьын папщ1э, дауи, и лъым зы къару щэху, сэнэуш хэлъын хуейщ. Усабийуэ зэхэпхар, плъэгъуар уи щхьэм ибубыдэфу, ар ц1ыхуэхэр дебг3эхьэхыу къэпIуэтэжьыфынкъым гъэщ1эгъуэнщ. Сэнэуш гуэр зыхмылъ сабий щ1ыэкъым. Ауэ ар къыпхуэсэбэпын папщ1э, зэф1эк1 гуэр зэрыпхэлъым и чэзум гу лъатэу зэрагъэужьын хуейщ. Мэшбащ1э Исхьэкъ сэнэуш зэрызэлъым гу лъызытар егъэджак1уэхэрщ. И егъэджак1уэм и ф1ыгъэк1э Исхьэкъ и ял1э уэсэр, езыр илъэси 8 ф1эк1а мыхъуауэ, етхыр. Ар абдежым щ1ытеувауэ убж хъунущ тхак1уэ гъуэгуанэм.

1951 гъэм Мэшбащ1эм Мейкъуэпэ дэт педучилищэр, 1956 гъэм Мзэкуу дэт Литературэ институтыр къиухащ, парт еджап1эми щеджащ. Абы и ял1э тхылъыр, «Цыхуэ лъащ1эр» жыхуиIэр, езыр илъэс 18 ф1эк1а мыхъуауэ дунейм кьытехащ. Абы къык1элъык1уащ 100-м щ1игъу и тхылъхэр.

Исхьэкъ зы махуэ гуэрым сеупщ1ат: «Уа, дэ дык1ьеджэн къудейуэ дызыпIэмыльэщ1 мыпхуэдизэ тхылъыр уэ дауэ птхыну пхуэзэф1эк1а?» - жыс1эри. «Сэ, - жиI3 абы, - сытым дежи пасэу согъуэлъыжри, жьыуэ сыкъотэдж. Зы пщэдджыжь блэзгъэк1ыркъым сыхьэт зыщ1ылк1э сымытхауэ. Иужьк1э а стхам сыхоплъэжри, сигу ирихьу напэк1уэц1 зыбжанэ къ0ихьэхьэ е псори щ1эрыщ1эу щ1ыстхьэм къыс-хуохуэ. Ауэ сымытхэу зы пщэдджыжь блэзгъэк1ыркъым».

Нэгъуэщ1 зы гъэщ1эгъуэнагъи дэслъэгъуащ абы. Абы и Iэдакъэщ1эк1эр зэритхыр адыгэбзэщ. Сыту жып1эмэ, ц1ыхур нэхъыф1у зэрыгугъусысэр, къиIуэтэнур ц1ыхум я гум дыхьэу, я псэм къищтэу къызэригъэльэгъуэфынур езым и анэдэлъхубзэщ. Абы къыхэк1к1э, Исхьэкъ адыгэбзэк1э етхри, итIанэ нэгъуэщ1ыббзэхэмк1э зэрадзэк1ык. Мэшбащ1эр ар зи гупсысэ, Iуэху еплъык1э зиI3ж ц1ыху гъэщ1эгъуэнщ. Нэгъабэ Тырким дык1уаэ, тхак1уэм и Iэдакъэщ1эк1эм дихьэхэм дащ1ыхэзэам, абы мыпхуэдэу жиIауэ щытащ: «Тхак1уэр тхэнумэ, абы зыри зэран къыхуэхъун хуейкъым. «Си тхыгъэр ягу ирихьыну п1эрэ?», «Традзэну п1эрэ?», «Мыпхуэдэ гупсысэр къэсIуатэу къыскухадэну п1эрэ?» - упщ1эхэм, гупсысхэм заригъэльэхъэ хъунукъым. И гум къэк1ар, и щхьэм къихьар, ц1ыхухэм я деж нихьэсыну зыхуейр т1ысу итхын хуейуэ аращ. «Дунейр шэрхьщи, мэк1эрахъуэ», - жаIащ ди нэхъыжьхэм. Iейм - фIы, гугъуехьым гупсэхугъуэ къыщ1ык1эльымык1уэ щ1ыэкъым, зэманым, дунейм захъуэжри. Гум къыбг3ядэк1ыр, фэрыщ1агъ зыхэмылъыр пьэпкъым, ц1ыхубэм я гум лъэмыIэсынк1э Iэмал иIэкъым. Нобэ трамыдзар пщдей къащтэжьнущ. «Мывэ щхьэл» романыр щыстхам щыгъуэ апхуэдэ тхылъ къыдэбг3ык1ыну къыпхуадэнутэкъым. Щ1эхуу стхащ, си гупсысэр тхылъымп1эм къыщ1эмыг3эльэгъуэу схуэшэчынутэкъым, ар гуваш1эхами ц1ыхубэм я деж нэсхьэсэн хуейти. ИтIанэ зэманым зихьэжри, тхылъыр дунейм кьытехащ, еблэмэ саугъэти къыскуихащ».

Исхьэкъ тхак1уэ къудейкъым, ар жылагъуэ л3жьыгъэми жыджэру хэтщ. Мэшбащ1эр л3жьак1уэшхуэщ, жанщ, емызэшыжщ, и ныбжьыем ямылъытауэ, игури, и гупсысэри, уеблэмэ и I3пкъльэпкъри зэрыщ1ащ. Апхуэдизк1э Iуэху куэд щ1эри, умыгъэщ1эгъуэн пльэк1ыркъым. Ар УФ-м и Тхак1уэхэм я союзым и унафэщ1ым и къуэдзэщ, 1962 гъэм къыщыщ1эдзауэ (илъэс 54-м щ1игъуауэ) Адыгэ Республикэм и Тхак1уэхэм я зэгуэхэнигъэм и тхъмадащ, а республикэм къыщ1ыдэк1 журналиплIым я редактор нэхъыщхьэщ, СНГ-м хьихьэ хэрадгъэм я Тхак1уэхэм я дунейпсо зэгуэхэнигъэм и Гъэзэщ1ак1уэ гупым и унафэщ1ым и къуэдзэщ, УФ-м и Президентым и л1ык1уэу Ипщэ федеральнэ щ1ынальэм щ1ым егъэщ1ылIауэ лажьэ Нэхъыжьхэм я советым хэтщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхъмадэщ.

Мэшбащ1э Исхьэкъ и п1щ1эр зэрыльагэр, и зэф1эк1ыр къызэралытар къаг3эльэгъуэ абы къыхуагъэфэща ц1э, дамыгъэ лъапIэхэм. Ар Щ1эныгъэхэмк1э Дунейпсо Адыгэ Академием, Щ1эныгъэхэм-к1э Абхъаз Академием я академикщ, Кубаным гуэзадж3мк1э щ1ыхь зиI3 и лэжьак1уэщ, СССР-мрэ Урыс-ей Федерацэмрэ я К3рал саугъэтхэм, Шолоховым, Островскым я ц1ык1э щ1ыI3 литературэ саугъэтхэм я лауреатщ, «Хэкум и пащхьэ щиI3 ф1ыщ1эм папщ1э» урысей орденым и II, III, IV нагъыщэхэр, «Пэлпкъ зэныбжьэгъугъэ» орденыр, «Адыгейм и Щ1ыхь» медалыр, Абхъаз Республикэм и «Щ1эмрэ Щ1ыхьымрэ» орденыр, «Кубаным и зыужьныгъэм хуищ1а хэлъхьэныгъэм папщ1э» медалым и я нэхъыщэр къыхуагъэфэщащ.

Исхьэкъ хуэдэ ц1ыху адыгэ лъэпкъым къызэрытэк1амк1э догушхуэ. Тхьэм уэзыншэу, щ1эблэм и щапхъэу, ди щхьэр ину дигъэльагъуэу куэдрэ дяпэ иригъэт. Дэри абы хуэфэщэн, и гущ1эр зэкъэзыщ1ык1ын, и п1щ1эр зыI3тын Тхьэм дищ1.

ХЪУАЖЬ Фахъри,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и Гуманитар къэхутэныгъэхэмк1э щ1эныгъэ институтым и лэжьак1уэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель

Л1ыI3щын Аидэ дэфI3ыгъ!

● Гъуэзджэ

Уэрэджы1ак1уэхэм я «Новая звезда», Урысейм и щ1ыпIэ 85-м щ1ыщ уэрэджы1ак1уэхэр зи зэф1эк1 щеплъыж къэралпсо зэпеуэм и ет1уанэ Iыхьэм хэтхэм папщ1э I3I3т ирагъэжьащ. Зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщащ «Звезда» федеральнэ телеканалымрэ УФ-м Зыхъумэжныгъэмк1э и министерствэмрэ.

Финалым к1уащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыщ Л1ы I3щын Аидэ.

Зэпеуэм пашэ щ1ыхьэн папщ1э ирагъэк1уэк1 I3I3тыр накъыгъэм и 7-м эфир занщ1эм щагъэльагъуэну финал нэхъыщхьэм хьихьэу зэхуащ1ыжьнущ.

Аидэ я1э ищ1ынымк1э и хэкуэгъуэхэр фыдэIэпык1уэфынущ, 1880 номерым Z18 хьыбар евгъэхьмэ. Зы смс-р НДС-р хьихьэу сом 35-рэ и уасэщ. Зы телефонымк1э смс 20 ебгъэхь хъунущ.

● Хъуэхъу

Ц1ыхугъэр зи гъуазэ

Малкэ къуажэм щ1ыпсэу, зи ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 80 ирик1уа Евсей Марусэ Цуц и пхъум теухуауэ фIы защ1эщ пхужьи1эгъэ. Къызыхэк1а Гузнгъэпщ л1ыпэкъми зыхьихьа Евсейхи я пщ1эр и1эту, и адэ-анэм я жьэгу пащхьэм щ1ызыхилъхьа хабзэмрэ нэмысымрэ хэлъу къок1уэк1 мы зы1ыхъгъэ щ1ыпкэр.

И сабиигъуэри и щ1алэгъуэри къэралым щек1уэк1а зэф1эмыхьэныгъэхэм ирихьэлIэри, Маруси гуГъу ехьащ, ауэ сыт хуэдэ л1ъпощхьэпо гъащ1эм щ1ыIумыуами, ц1ыхугъэр и гъуазэу, и гушыIэ дахэр я1э иригъэщу къызэринэк1ащ ахэр.

Нобэ Марусэ унагъуэ дахэм я нэхъыжьщ, иджыри тетщ и щ1алэгъуэм хабзэ хуэхъуэм - ар ц1ыхуэхэм яхуэгъапэщ, нэхъыжьми нэхъыщ1эми яхуэфащэ пщ1э яхуещ1, дэтхэнэми зэрагурыIуэн бзэ къегъуэтыф. Нанэ жьыщхъэ махуэм и гъащ1эр щ1эщыгъуэ хуащ1 и къуэрылъху-пхъурылъхуэхэм, абыхэм къащ1эхъуа щ1эблэм.

Зи махуэшхуэр зыхуагъэл1ыапIэ анэ, анэшхуэ гуманщ1э Евсей Марусэ мыпхуэдэу дехъуэхъуэну дыхуейщ: гъащ1эм и I3фыгъэ псори зыхэпщ1эу, уи унагъуэ дахэмрэ Iыхьлыхэмрэ утхуэхъыншэу, уи щ1эблэм я зэф1эк1ым уригушхуэ, я гуфIэгъуэм ухэмык1ыу, дунейм фIыуэ тетыр къохъулIэу, иджыри илъэс куэдк1э Тхьэм уигъэнсэу! Уерыс-ыхьэфIащ, уи I3нэгур сытым щыгъуи ц1ыхухэм яхуэзыIухащ, уи гулъытэр куэдым къытлъо0Iэсри, уи I3рыкI3 псори минкI3 бэгъуауэ къыпхэхъуэжу, уи унагъуэм берычэтыр дяпэкI3и имыкI3ыу, узыщ1эхъуэпсэхэр къохъулIэу дунейм утетыну ди гуапэщ.

Уи благъэхэр, уипхъухэр, уи къуэрылъхупхъурылъхухэр, уи малъхъэхэр.

● Тэрч щ1ыналъэ

Жыг хадэхэр мэгъагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и пхъэщхьэмыщхьэ хадэхэр къэгъэщ1эрэщ1эжьыным теухуауэ яубзыхуа Iуэхуэр зэрык1уатэр нэрылъагъуу, куэдым мы1эрысейхэр, кхъужьейхэр, балиейхэр, къыпцIейхэр хасащ.

ХЪАНИЙ Алим ейуэ Теркескэ жылагъуэм щ1ы3 мэкъумэш-фермер Iуэхущ1апIэм и1эщ балий I3рысэ къудейуэ гектарий. Алим хиса жыгхэр ди щ1ынальэм сытк1и езэгъын хуэдэу къыхихащ. Ди республикэм игъащ1э л3ландэрэ къыщык1 балиейхэм къадэк1уэу, абы и1эщ къыхьыфIхэм хабжэ «Краснодарская», «Украинская» л1эужьыгъуэхэр.

2008 гъэм хиса балиейхэм мы гъэм ет1уанэу къапык1ыну араща. Илъэс к1уам зы гек-тарым хуэзэу тоннит1кIыпачащ. Мы гъэми пхъэщхьэмыщхьэ бэвк1э мэгугъэ. Щ1ымахуэр хуабэу ек1уэк1ати, жыгхэм хэгъуэк1а къахэк1акъым, и чэзум зэщ1эгъэгъащ. Зэран (командэ хырыхыу) утыку ихьащ.

«СССР-м футболымк1э и мастер, щэнейрэ чемпион хъуа Беляев Владимир и фэеплъу къызэрагъэпэща сабий футбол лигэ-зэхъэзэхуэм дивизионхэм щрагъэк1уэк1а зэ1ущ1и 4-м бжьыпэр щаубыдащ. «Гимназист» (Стрелка), «Искра» (Дубки), «Вымпел» (Горный), «Звезда» (Центр) гупхэм.

Мыхэр финал ныкъуэ джэгухэм т1ырыт1у хэтыныгхэщ. Тек1уэхэм иратынущ кубокхэр, щ1ыхь тхылъхэр, медалхэр.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Хьэблэхэр зэпоуэ

● Футбол

Республиканскэ сабий стадионым мы махуэхэм щок1уэк1 зи ныбжьыр илъэс 13 - 14-хэм ит ныбжьыщ1эхэм футболымк1э я хьэблэ командхэм я зэхьэзэхуэхэр. Абы Налшык и гупу 24-рэ хэтщ.

«СПОРТЫМ и Iьагапl3» ф1эщыгъэм щ1эту лажьэ зэгуэхэныгъэм, КЪБР-м Спортымк1э и министерствэм, Налшык къалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмк1э, спортымрэ щ1алэгъуалэм я Iуэхуэхэмк1э и управленэм зэгъусэу къызэрагъэпэща мы зэпеуэм хэта гупхэр дивизионплIу гуэшаеу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Iуэхуэр зезыхьэ управленэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Битокъу Владимир Михаил и къуэм** хуогъазэ и анэ **Битокъу (Техьэж) Раисэ Къаурбэч и пхъур** зэрыл1ам къыхэк1ыу.

КъБР-м Печатымрэ ц1ыхубэ коммуникацэхэмк1э и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Налшык» ОРТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» РИА-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «КЪБР-м и хьыбарегъащ1э Iуэхущ1апIэхэм я лэжьыгъэр къызэрэпэщ1ыным-к1э комплекс центр» ГКУ-м, «Тетраграф» ООО-м я лэжьак1уэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Битокъу Владимир Михаил и къуэм** хуогъазэ и анэ **Битокъу (Техьэж) Раисэ Къаурбэч** и пхъур зэрыл1ам къыхэк1ыу.

КъБР-м Щэнхабзэмк1э и министерствэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Битокъу Владимир Михаил и къуэм** хуогъазэ абы и анэ **Битокъу (Техьэж) Раисэ Къаурбэч и пхъур** зэрыл1ам къыхэк1ыу.

КъБР-м и Журналистхэм я союзым и правленэр «Газета Юга» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Битокъу Милослав Михаил и къуэм** хуогъазэ и анэ **Битокъу (Техьэж) Раисэ Къаурбэч и пхъур** зэрыл1ам къыхэк1ыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФ1ЫЦ1Э Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Бжэк1эмыхьэ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Марина** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыдзэ Замирэ, Хьэжьк1ьарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэк1эмрэ редакцэмрэ я хэщ1апIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жылагъуэмрэ л3ъпкъ Iуэхуэхэмк1э - 42-22-86; къуажэ гъащ1эмрэ экономикэмк1э - 42-57-59; щэнхабзэмк1э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныбмк1э - 42-60-53; хьыбарыщ1эхэм-к1э, спортымрэ письмохэмк1э - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э - 40-15-31; зэдзэк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер I3нэтI3м - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжьыгъэхэм, къыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымк1э ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльык1ыр зэтехуэ зэпыту щытк1ым.

Газетыр I3 тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщ1эныгъэхэмк1э и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр I994 гъэм мэкъуэгъуэм и 14-м Печатым и хэутныгъэр зэчыным к1э Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щ1эту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдок1.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэк1ыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къанщокъуэ Элэ**, *редактору* **Тек1ужь Заретэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4, 6-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3, 5-нэ нап.), корректорхэм я дэIэныкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ**. *КомпьютеркI3 газетым и теплэр ящ1ащ* **Дол Марина, Быр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер I3нат1эм щагъэхьэзыращ.

Газетым I3 традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.076 ● Заказ №589